ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№47 (23.705) ● 2018 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 10, гъубж ● И уасэр зы тумэнщ

Урысейм и тенджыз флотым и ныпыр дыгъуасэ щаІэтащ «Эльбрус» кхъухьым. Абы и щІыхькІэ Североморск къалэм щекІуэкІа гуфІэгъуэм хэтащ икІи къыщыпсэлъащ КІуэкІуэ Юрий

● Хъыбар гуапэ

Булгаков Д. В.

Североморск къалэм дыгъуасэ щекІуэкІащ тылыр къызэгъэпэщыныкІэ Іэнатіэм хиубыдэ «Эльбрус» кхъухьым ирихьэлІащ и тенджыз флотым и ныпыр зэрыщаІэтам теухуа гуфІэгъуэ. Абы ирихьэлІащ Урысейм зыхъумэжыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ, армэм и генерал Булгаков Д. В., ИщхъэрэІ флотым и командующэ адмирал Евменов Н. А., Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А., Мурманскэ областым и губернатор Ковтун М. В. сымэ.

ИщхъэрэІ флотым къулыкъу щызыщІэхэм я пащхьэм къыщыщыпсалъэм КІуэкІуэ Юрий фІыщІэ инт яхуищІащ Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм, ИщхъэрэІ флотым я унафэщІхэм, Мурманскэ областым и губернаторым. КІуэкІуэ Юрий кІыхьигъащхьэхуэкІащ «Эльбрус» кхъухьыр Хэку зауэшхуэм и зэманым лЫгъэшхуэ къэзыгъэлъэгъуа ИщхъэрэІ флотым зэрыхиубыдэр: «Дэ дрогушхуэ а лъэхъэнэ гугъум щыгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адмирал Головко Арсений Григорий и къуэр ИщхъэрэІ флотым и командующэу зэрыщытам. Абы и цІэр республикэм и къалэхэм, районхэм я уэрамхэмрэ школхэмрэ фІащащ, и фэеплъыр езыр щалъуа Прохладнэ къалэм щагъэуващ».

Республикэм и Іэтащхьэм кьигъэлъэгъуащ флотым кьыпэщыт къалэн инхэр икІи жэуаплІныгъэшхуэ зыпылъхэр гъэзэщІэныкІэ дэІепыкъуэгъу нэсу щытыну кхъухьым и экипажым зэрыщы-гугъыр.

Апхуэдэу дыгъуасэ Іэ щІадзащ ИщхъэрэІ флотымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэрыздэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм.

«Дзэ-тенджыз флотымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ илъэс куэд лъандэрэ быдэу зэпыщІащ икІи зэныбжьэгъугъэ быдэ яку дэлъщ. Илъэс зыбжанэ лъандэрэ Балтийскэ флотым хэту кьыпэщыт кьалэнхэр екъулІэныгъэкІэ егъэзащІэ псыщІагъырыкІуэ кхъухьэм ебэн «Къэбэрдей-Балъкъэр» кхъухьым. Дэ абы и экипажым дыпыщІащ икІи куэдрэ дыкІэлъокІуэ. Быдэу си фІэщ мэхъу нобэ Іэ зыщІэдза зэгурыІуэныгъэм и фІыщІэкІэ дзэ-тенджыз флотым худи-Іэ пыщІэныгъэхэр нэхъри быдэ зэрыхъунур. «Эльбрус» кхъухьым кьулыкъу щызыщІэхэми зэи шэч кьыщЫтрахьэн щІэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрыр сытым дежи абыхэм я щІыб кьыдэту зэрыщытынум», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

«Эльбрус» кхъухьым кьалэн зэмылІэужьыгъуэхэр игъэзэщІэнущ: хьэлъэхэр игъэІэпхъуэнущ, гидрографие къэхутэныгъэхэр иригъэкІуэкІынущ, гуэзвэгъуэ хэхуа адрей кхъухьэм ядэІэпыкъунущ. Мыр иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэрызэгъэпэщащ и фІыщІэкІэ хьэлъэхэр кхъухь тедзапІэхэм я мызакъуэу тенджызым и куми щрилъхьэфынущ, кхыщрихьфынущ. А псоми кьадэкІуэу «Эльбрус» кхъухьым псы щІагъым щылэжьнухэр кьришэкІынущ, абы папщІэ барокамерэкІэ кьызэрызэпэщащ.

КъБР-м и Іэтащхьэм кхъухьым и зэфІэкІхэр зригъэлъэгъуащ, абы кьулыкъу щызыщІэхэм епсэлъащ, апхуэдэу федеральнэ, щІынальэ хъуабагъэщІэ Іэхуущ-ІапІэхэм я лэжьакІуэхэр зыщІэупщІахэм я жэуапхэр яритащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуущ-ІапІэ.

«Студент гъатхэ-2018» зэпеуэм щІедзэ

● Дыгъуасэ

Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студент нэхъ зэчиифІэхэр. щыкІафІэхэр. утыкугъэбжыыфІэхэр хэтынущ илъэс къэс кьызэрагъэпэщ «Студент гъатхэ» фестивальм. Дыгъуасэ щІидзащ фестивальм зи зэфІэкІ щызыгъэлъэгъуэну хуит ящІыну гупхэр кьыщыхах зэпеуэхэр. Ахэр махуиплІкІэ екІуэкІынущ.

«СТУДЕНТ ГЪАТХЭР» мы гъэм екІуэкІынущ мардэщІэм итУ, хабзэщІэхэм тету. НэгъуэщІу жьпІэмэ, студентхэм я творчествэр щагъэлъагъуэ Урысейпсо зэпеуэхэм я жьпхъэм иту. ЕджапІэ нэхъыщхьэм и кьудамэ 13-м я лЫкІуэхэр махуиплІым кьрибыдэу зэпеуэнущ, унэтІыныгъиплІкІэ: апэ, етІуанэ махуэхэм - макъамэмкІэ, ещанэм - къэфэныкІэ, епплІанэм - театрымрэ жьэрыІэзагъкІэ.

Мы гъэм япэу зэпеуэм хэтынущ студент кьалэ цІыкІуи и командэ кьыхэхар. Апхуэдэуи, нэхъапэм зэи къэмыкъуэуэ, япэ уэвыПІэм мы гъэм щІэбэныныщ КъБКъУ-м и сурэттеххэмрэ видео тезыихэмрэ.

КьызэгъэпэщакІуэхэм гулъытэншэу кьагъэнакъым залым тІысыпІэ кьызыщІымысынухэр. Абыхэм Іэмал яІэнущ концертхэм университетым щыфІэдза экранышхуэхэмкІэ епльынкІ.

Фестивальм хэтхэм фІэхъус псалъэкІэ защыхуигъаазэм, КъБКъУ-м и ректорым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ, профессор Къумыкъу Іэуес кьыхиГэщащ гъатхэр щІыуэпсым кьыхуэкІуэн ипкІэ университетым кьызэрыхуеблагъэр. Фестивалым щІидзэным иджыри Іэджэ иІэу репетицхэр яублэ икІи, а махуэшхуэр нэхъ къоблэгъэху, абы хэтынухэм я гукъыдэжми кІуэ пэтми хохъуэ.

«Абы щытекІуэ псоми Іэмал яІэнущ яІэщІэкІэ «Студент гъатхэм» и республикэ Іыхьэм, иужькІэ Урысейпсо зэпеуэм я къарум кьихьым щепльэжьыну. КъБР-м и цІэкІэ Урысейпсо зэпеуэм хэтыну студентхэм дэ мыльъкуКІэ защІэдгъэкъуэну ди пщэ дыдолъхьэк», - пищащ Къумыкъу Іэуес. Ар зэпеуэм хэтынухэм ехъуэхъуащ ехъулІэныгъэ, дзэжьагъуэ яІэну.

Зэпеуэм щІидзащ макъамэм щаІэ зэфІэкІхэр гъэльэгъуэнмкІэ. Абы кьыхэт езыхэм яусакэрэ, цІыхубэ, эстрадэ уэрэдхэрэ жьыІэным дежь кьыщыщІэдзауэ, бэрэбаным, нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэм я макъэхэр ягъэІунри.

КьэпщытакІуэ гупым хагъэхьащ КъБР-м и уэрэджьыкІуэ, музыкант пажэжэр, УФ-м и цІыхубэ артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Гъэсашэ Наталье я пашэу.

Зэпеуэм щытекІуэнур кьыхэхынымкІэ куэд елъытауэ щытынущ абы елпъынхэми. Езыхэм ягу нэхъ ириихар Іэ1эткІэ кьагъэльэгъуэнущ абыхэми.

Мыбдежьым кьыщыхэгъэщипхъэщ фестивальм кІуэ пэтми нэхъ зэрызиубгъур - абы цІыху нэхъыби кьыхохьэ, хэтхэм я зэфІэкІхэри хэпщІыкІыу нэхъ лъагэ мэхъу. Псалъэм папщІэ, мы гъэм зэрыльэгъуэну номерхэр псори зэпыбгъэувэмэ, жэщитІ-махуитІкІэ зэпымыууэ екІуэкІын хуей хъунущ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ КъБКъУ-р щыхьэт тохъуэ республикэм и щэнхабзэ центру зэрыщытым.

СОЛГАЛОВЭ Наталье,
КъБКъУ-м и пресс-Іуэхуущ-ІапІэм и лэжьакІуэ.

Бжьахъуэ Р. Б. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьилъыр етыным и Іуэхуку-Іэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьилъыр етын **Бжьахъуэ Ранетэ Башир и пхъум** - «Зольские вести» газетым и редакцэ» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхуущ-ІапІэм и редактор нэхъыщхьэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м
№38-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэм и Іуэхуку-Іэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэу гъэувын **КІэрэф Мурат Анатолий и къуэр**.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэлыжьыхьым и 9-м
№39-УГ



КІэрэф Мурат Анатолий и къуэр 1978 гъэм Налшык къалэм къыщалъхуащ. Абы Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым «экономикэ», «юриспруденцэ» Іэщ-ІагъэхэмкІэ кьиухащ. КъБР-м ФинансхэмкІэ и министерствэм бюджетымкІэ и кьудамэм и Іэщ-ІагъэлІ пажэу 2000 гъэм лэжьэн щІидзащ. 2002 гъэм щегъэжьауэ а министерствэм хьэрычэт Іуэхум зегъэужьыныкІэ и кьудамэм и Іэщ-ІагъэлІ нэхъыщхьэу, хьэрычэт лэжьыгъэр зэблэгъэкІыныкІэ кьудамэм и унафэщІу щытащ. 2004 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министрым и кьуэдзэу ягъэуващ. 2012 гъэм и щэкІуэгъуэм щегъэжьауэ КъБР-м финансхэмкІэ и министру лэжьащ. 2014 гъэм и накъыигъэ мазэм щыщІэдзауэ нобэм кьэсхьу Федеральнэ налог кьулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІу щытащ.

Унагъуэщ, быниплІ иІэщ.

● Гу зылъытапхъэ

Іэ тедзэгъуэр йокІуэкІ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджькІакІуэхэ!

2018 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щІидзауэ «Урысейм и пощт» федеральнэ Іуэхуущ-ІапІэм и кьудамэм - КъБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ 2018 гъэм и етІуанэ илъэс нЫкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэныр.

Фэ нэхъ фигу ирихьу фызызджэ кьыдэкІыгъуэхэм Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхуущ-ІапІэхэм, почтамтхэм. Абыхэм Іэ зыщІэвдза газетхэр, журналхэр и чэзум унэхэм ныфхуахьынущ е, апхуэдэ Іуэхутхьэбзэр нэхъ кьафщтэмэ, пощтхэм кьыщыватыжынущ.

Іэ тедзэныным теухуауэ фызыщІэупщІэн щыІэмэ, пощтхэм я лэжьакІуэхэм жэуап кьыватынущ.

А Іуэхур иужьрей махуэхэм фымыгъэІэпхъуэу газетхэм, журналхэм Іэ тевдзэ.

КъБР-м и УФПС - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал унитарнэ Іуэхуущ-ІапІэ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 10, *гъубж*

♦Фашизмэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ. Илъэс кьэс мэлыжьыхьым и 10-м дунейм и щІыпІэ куэдым ягу кьыщІагъэкІыж етІуанэ дунейпсо зауэм и зэманым Ещанэ рейхым и дзэхэм яубыда кьэралхэм ясэм ящыщу фашизмэм ебэнурэ хэкІуэдахэр.

♦Зэдэлъхуэзышпхъуэм я махуэщ

♦1833 гъэм сенеч куэду кьыщІагъэкІыну щІадзащ.

♦1925 гъэм Царицынэ къалэм и цІэр Сталинград жиІэу зэрахьуэкІащ. 1961 гъэм абы Волгоград фІащащ.

♦1944 гъэм Одессэ къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуэкІуэхэм кьыщІагъэкІыжащ.

♦1945 гъэм Иуан Хьэсэн Совет Союзым и ЛЫхъужь цІэр кьыфІащащ.

♦1964 гъэм «КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ», «КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «КъБР-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ» цІэ лъапІэхэр ягъэуващ.

♦1981 гъэм Москва кьыщыхэзІыхахащ Космонавтикэм и музей.

♦2010 гъэм Смоленск деж кьыщекхуэжащ Ту-154 кхъухьлъатэр. Абы иса цІыху 96-р хэкІуэдащ, Польшэм и президент Качинський Лехи яхэту.

♦Япэ адыгэ бзэщІэныгъэлІ **Іэщхьэмахуэ Даут** кьызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цІыхубэ артист, дирижёр цІэрыІуэу щыта **Силантьев Юрий** кьызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ цІэрыІуэ, УФ-ми СССР-ми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Ахмадулинэ Беллэ** кьызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦СССР-м щІыхь зиІэ и энергетик, Урысейм и ЕЭС-м щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и энергетик **Хьэмыкъуэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал кьулыкъущІэ, политик, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор **Яблинский Григорий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Дау Марьянэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Радиожурналист **Гъурф Беллэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр **Лу Рэмэзан** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ. Налшык уэрэфу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 16, жэщым градусу 8 - 9 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 11, *бэрэжьей*

♦Фашист гъэрыпІэм исаэр хуит къызэращІыжам и дунейпсо махуэщ. 1945 гъэм гъатхэпэм и 11-м къызэрыІэтауэ щытащ Бухенвальд нэмыцэ лагерым исэр.

♦Паркинсон узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ. А узыфэр кьэзыхута докутыр Паркинсон Джеймс кьыщалъхуа махуэм (1755 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м) теухуу ягъэуващ 1997 гъэм.

♦Къырым Республикэм и Конституцэм и махуэщ. 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м Къырым Республикэм и Къэрал Советым кьищащ.

♦Радиожурналист **Александр** ЕтІуанэм Урысейм и Къэрал гербыр - щхьитІ зыфІэт бгъэр зыхэщІыхьар - къэщтэнымэ теухуа унафэ ищІащ.

♦1944 гъэм Керчь къалэр фашистыдзэхэм кьыІэщІагъэкІыжащ.

♦Адыгей тхьбзэр зэхэзылъхьа **БекІухъу Ахьмэд** кьызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦Совет циркым и артист, иллюзионист цІэрыІуэу щыта **Кио Эмиль** (и унэцІэ дыдэр **Гиршфельдщ**) кьызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.

♦Сорбоннэ дэт университетыр къэзыуха, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Батокъуэ Нияз** кьызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦СССР-м и кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым и ЛЫхъужь, Адыгейм кьыщалъхуа **Березовой Анатолий** кьызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Совет футболист, спортым и мастер, Урысейм щІыхь зиІэ и тренер **Ярцев Георгий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Актёр цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Гаркалин Валерий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Налшык къалэм кьыщалъхуа уэрэджьыкІуэ цІэрыІуэ, КъБР-мрэ ИнгушыІмрэ я цІыхубэ артист, КъШР-м щІыхь зиІэ и артист **Амирамов Ефрем** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Адыгэ уэрэджьыкІуэ **Аслъэн Іэсият** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэрэфу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градусу 10 - 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

● КъБР-м и Парламентым

Архитектор нэхъыщхьэ къулыкъущІэ щыІэнущ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ зи чэзу зэІущІэ.

ПСОМ япэу ар депутатхэм ехъуэхъуащ УФ-м и Президент хэхьныгъэхэр бэІутІэІуншэу зэрырагъэкІуэкІамкІэ. «Къэралым гъэугум я нэхъ пэжыр кьыхихауэ кьызэлъытэ. Хэхьныгъэхэм кьрикІуам тепщІыхьмэ, жьпІэ хъунущ щІыхубэм политикэр кьафІэІуэхуу. Къэбэрдей-Балъкъэрыр мы Іуэхум фІыкІэ кьыхэщащ», - жиІащ **Егоровэ Татьянэ**.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентымрэ законодательствэмрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІым папщІэ, Егоровэ Татьянэ ЩІыхь тхьилъ иритащ депутат **Вындыжь Чэрим**.

ЗэІущІэм кьыщащтащ «КъБР-м и бюджетыр зыхуищІэр Іыхьэ-Іыхьэурэ ирагъэкъун папщІэ, щІынальэм федеральнэ ахъшэ кьызэрыритыным и Іуэхуку-Іэ щыІэ зэгурыІуэныгъэм щІыгъупхъэм теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм и проектыр. КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Бещтокъуэ Жыраслъэн** жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым тепльэ къэрал щыкъуэр ягъэмэщІэн мурадкІэ, 2017 гъэм и дыгъэгъаазэм УФ-м ФинансхэмкІэ и министерствэм илъэситхум тещІыхьауэ сом мелърди 5,8-рэ кьызэрыІахар. Ахъшэр трагъэкІуэдащ коммерцэ банкхэм кьыІэха щІыхьэгъэ япшыныным. КъыкІэпІэкІуэу, УФ-м и Правительствэм дыгъэгъахэзэм и 13-м кьыдигъэкІа Унафэм тету, федеральнэ бюджетым щІынальэм кьрита щІыхуэр 2024 гъэ пщІондэ итыж хъуну ягъэІэпхъуащ.

Депутатхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ КъБР-м и хабзэубыду акт щхьэхуэхэм: «КъБР-м и бюджетыр зэрауХуэм теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм и Іыхьэ 47-1-м, «КъБР-м и кьалэхуэу Іэнатіэм ехьэлІауэ» КъБР-м и Хабзэм, «КъБР-м кьэрал кьулыкъухэмрэ кьэрал граждан кьулыкъухэмрэ хабжэм и Іуэхуку-Іэ» КъБР-м и Хабзэм и Іыхьэ 2-м. Иужьрейм кьызэрыщагъэлъэгъуамкІэ, КъБР-м и архитектор нэхъыщхьэ къулыкъу щыІэнущ.

КъБР-м щІыхуэхэм я хуитныныгъэхэр зыхъумэныкІэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис** зыпэрыт Іэнатіэр 2017 гъэм илъэси 10 зэрырикъуамрэ ирагъэкІуэкІа лэжьакІуэхэмрэ теухуауэ кьэпсэлъэщІ.

Абы зэрыжиІамкІэ, илъэсым и кІуэцІкІэ Іуэхуущ-ІапІэм щІыхь 986-м зыкъыхуагъэзащІ, абы щыщу 336-м я Іуэхум хэплъащ. Тхьэусыхафэхэм я нэхъыбэр зэпхауэ щытар щІыхуэхэм я узынщагъэр хъумэным, хущІхъуэкІэ кьызэгъэпэщыным пыщІа гугъуехьхэрщ.

Іэнатіэм и Іэщ-ІагъэлІхэр щыІащ курыт еджапІэхэм, Іуэхуущ-ІапІэхэм, УФ-м и УФСИН-м КъБР-м щиІэ кьудамэм икІи кьэпщытэныгъэ 250-рэ ирагъэкІуэкІащ. ЦІыху 600-м чэнджащхэр ираташ, 200-р хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ нэгъуэщІ къэрал органхэмрэ ягъэкІуащ. Апхуэдэуи Іэнатіэм республикэм и районхэм зэІуку-щІэу 8 щиригъэкІащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щымыІэу цІыхухэм я хуитныгъэхэр кьызэрызэпаудам епха Іуэху 15-м хэплъащ.

Депутатхэр едэІуащ КъБР-м Кьэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм 2017 гъэм эфІигъэкІами. Абы и унафэщІ **КІасэ Динэ** жиІащ Іуэхуущ-ІапІэ 67-м кьэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр кьызэрыщызэрагъэпэщыр. Республикэ ахъшэу кьапщытар сом меларди 4,5-рэ мэхъу.

Кьэпщытэныгъэхэм кьагъэльэгъуащ бюджет законодательствэр 2247-рэ кьызэрызэпаудар, псоми зэхэту сом мелуан 643,7-рэ кьызэщІаубыдэу. Іуэхум щымыщу кьагъэсэбэпар сом мелуан 879-рэ мини 9-рэ мэхъу.

Административнэ хабзэхэр кьызэрызэпаудам теухуауэ КъБР-м Кьэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм Іуэхуи 9 кьыІэтащ, КъБР-м и прокуратурэм - 17 ирагъэхьащ, 6-р УФ-м ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ Іэнатіэм и кьудамэу КъБР-м щІыэм, 3-р - КъБР-м щиІэ МВД-м.

2017 гъэм КъБР-м Кьэзыпщытэ-къэзыбж и палатэр законхэм я проект 35-м хэплъащ, зэхъуэкІыныгъэ 16 хэлъхьэн хуейуэ кьагъэлъэгъуати, псори пхыкІащ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и кьуэдзэ **Жанатаев Сэлим** тепсэлъыхьащ КъБР-м и хабзэ убзыкІэр зыхуэдэм.

2017 гъэм дыгъэгъаазэм и 31-м ирихьэлІэу Къабардей-Балъкъэрым кьару щызиІэ хабзэхэр 225-рэ мэхъу. Кьэбгъэльэгъуэмэ, КъБР-м и Парламентым лэжьэн зэрыщІидзэрэ псори зэхэту республикэ хабзэ 1243-рэ кьыщташ. Кьэпсэлъам кьызэрыхигъэщамкІэ, хабзэхэр зэпымыууэ кьэпщытэн, егъэфІэкІуэн хуейщ.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.
Сурэтыр **Елькъэн Артур** *трихащ.*

«Студент гъатхэ-2018» зэпеуэм щІедзэ

● Дыгъуасэ

Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студент нэхъ зэчиифІэхэр. щыкІафІэхэр. утыкугъэбжыыфІэхэр хэтынущ илъэс къэс кьызэрагъэпэщ «Студент гъатхэ» фестивальм. Дыгъуасэ щІидзащ фестивальм зи зэфІэкІ щызыгъэлъэгъуэну хуит ящІыну гупхэр кьыщыхах зэпеуэхэр. Ахэр махуиплІкІэ екІуэкІынущ.

«СТУДЕНТ ГЪАТХЭР» мы гъэм екІуэкІынущ мардэщІэм итУ, хабзэщІэхэм тету. НэгъуэщІу жьпІэмэ, студентхэм я творчествэр щагъэлъагъуэ Урысейпсо зэпеуэхэм я жьпхъэм иту. ЕджапІэ нэхъыщхьэм и кьудамэ 13-м я лЫкІуэхэр махуиплІым кьрибыдэу зэпеуэнущ, унэтІыныгъиплІкІэ: апэ, етІуанэ махуэхэм - макъамэмкІэ, ещанэм - къэфэныкІэ, епплІанэм - театрымрэ жьэрыІэзагъкІэ.

Мы гъэм япэу зэпеуэм хэтынущ студент кьалэ цІыкІуи и командэ кьыхэхар. Апхуэдэуи, нэхъапэм зэи къэмыкъуэуэ, япэ уэвыПІэм мы гъэм щІэбэныныщ КъБКъУ-м и сурэттеххэмрэ видео тезыихэмрэ.

КьызэгъэпэщакІуэхэм гулъытэншэу кьагъэнакъым залым тІысыпІэ кьызыщІымысынухэр. Абыхэм Іэмал яІэнущ концертхэм университетым щыфІэдза экранышхуэхэмкІэ епльынкІ.

Фестивальм хэтхэм фІэхъус псалъэкІэ защыхуигъаазэм, КъБКъУ-м и ректорым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ, профессор Къумыкъу Іэуес кьыхиГэщащ гъатхэр щІыуэпсым кьыхуэкІуэн ипкІэ университетым кьызэрыхуеблагъэр. Фестивальм щІидзэным иджыри Іэджэ иІэу репетицхэр ярублэ икІи, а махуэшхуэр нэхъ къоблэгъэху, абы хэтынухэм я гукъыдэжми кІуэ пэтми хохъуэ.

«Абы щытекІуэ псоми Іэмал яІэнущ яІэщІэкІэ «Студент гъатхэм» и республикэ Іыхьэм, иужькІэ Урысейпсо зэпеуэм я къарум кьихьым щепльэжьыну. КъБР-м и цІэкІэ Урысейпсо зэпеуэм хэтыну студентхэм дэ мыльъкуКІэ защІэдгъэкъуэну ди пщэ дыдолъхьэк», - пищащ Къумыкъу Іэуес. Ар зэпеуэм хэтынухэм ехъуэхъуащ ехъулІэныгъэ, дзэжьагъуэ яІэну.

Зэпеуэм щІидзащ макъамэм щаІэ зэфІэкІхэр гъэльэгъуэнмкІэ. Абы кьыхэт езыхэм яусакэрэ, цІыхубэ, эстрадэ уэрэдхэрэ жьыІэным дежь кьыщыщІэдзауэ, бэрэбаным, нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэм я макъэхэр ягъэІунри.

КьэпщытакІуэ гупым хагъэхьащ КъБР-м и уэрэджьыкІуэ, музыкант пажэжэр, УФ-м и цІыхубэ артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Гъэсашэ Наталье я пашэу.

Зэпеуэм щытекІуэнур кьыхэхынымкІэ куэд елъытауэ щытынущ абы елпъынхэми. Езыхэм ягу нэхъ ириихар Іэ1эткІэ кьагъэльэгъуэнущ абыхэми.

Мыбдежьым кьыщыхэгъэщипхъэщ фестивальм кІуэ пэтми нэхъ зэрызиубгъур - абы цІыху нэхъыби кьыхохьэ, хэтхэм я зэфІэкІхэри хэпщІыкІыу нэхъ лъагэ мэхъу. Псалъэм папщІэ, мы гъэм зэрыльэгъуэну номерхэр псори зэпыбгъэувэмэ, жэщитІ-махуитІкІэ зэпымыууэ екІуэкІын хуей хъунущ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ КъБКъУ-р щыхьэт тохъуэ республикэм и щэнхабзэ центру зэрыщытым.

СОЛГАЛОВЭ Наталье,
КъБКъУ-м и пресс-Іуэхуущ-ІапІэм и лэжьакІуэ.

Къэпщытэныгъэ

Емыкіур екіу мэхъури, екіур емыкіу мэхъу.

● Лъэпкъ Іуэху

Европэм щыпсэу адыгэхэм я деж

Европэм щыпсэу адыгэхэм я щэнхабзэ федерацэм илъэс къэс зэхуишэс щэнхабзэ зэхыхьэшхэр иджыблагъэ Остердамме жылэм щызэхэтащ. Абы ирагъэхьэлІэри, ирагъэблагъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэр ик1и зи чэзу зэІущ1эр европэ адыгэхэм я деж щек1уэк1ащ.

Остердамме къыбл6гъат Европэ къэралхэм щы1э шэрджэс лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я л1ык1уэхэр, Тыркум, Сириеи, Иорданиеи, Израилым, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикахэм, Краснодар щы1анлъэ Хасэхэм я унафэщ1хэмрэ абыхэм хэтхэмрэ.

ЯПЭ МАХУЭМ ДАХ-м и л1ык1уэхэр хэлэжьыхьащ фестивалым. 2018 гъэм епщ1анэу к1ыззрагъэпэща зэхьихьэшхэр адыгэ лъэпкъым Іэуку щхьэпэ куэд хуэзыл1ажьа, хэхэсхэмрэ хэкурыскэмрэ нэхъ бы6дэу зэпыщ1а хъуныи зи гуащ1э хэзыльхьа лъэпкъыл1 щэджащэ Уджыхьэу Ихьсан траухуати, ар щагъэлъап1э пшыхьми хэтащ ДАХ-м и л1ык1уэхэр.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм к1ыьбгъэдэк1 дамыгъэ лъап1эхэр ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** хуигъэфэщащ Уджыхьэу Ихьсан, Европэм щыпсэу адыгэхэм я щэнхабзэ федерацэм и унафэщ1у куэдрэ л1ажьа П1амжьыкъуэ Умар-Фарукъ, федерацэм иджыпсту и тхьэмадэ, Бремен Хасэм и унафэщ1 Дыщэк1 Эртан сымэ.

ДАХ-м и Гъэзэщ1ак1уэ гупым и з6іуп1эр етІуанэ махуэм ек1уэк1ащ. Ар к1ыщы1эуихьм, Сэхъурокъуэ Хьэутий жи1ащ Европэм щы1э Хасэхэм я л1ажьыгъэр зэтеубла1уэ зэрек1уэк1ым, щ1ыхуэзр гук6ыдэж я1эу фестивалым к1ыьзэрек1уэл1ам Іуэху гъэщ1эгъуэнхэр зэрызэдащ1эр к1ыьзэригъэлъагъуэр.

Европэм щыпсэу адыгэхэм я щэнхабзэ федерацэм и л1ажьыгъэм убгъуагъуэ тепсэлъыхьащ абы и унафэщ1 **Дыщэк1 Эртан**. Абы к1ьхихигъэщащ ДАХ-мрэ Европэ федерацэмрэ Іэмал имы1эу6ыдэу зэпыщ1ауэ л1ажьэн зэрыхуэйр, езыхэм я к1ьарук1ё яхуэщ1ар яг6ъэбагъуэу хэкурыскэм зэрадэ1эпык1ухьтхэр.

- Европэм щы1э Хасэхэм я нэхъ ин дыдэщ ф6ыкы1эдгъэбл6гъэ федерацэр, - к1ьхихигъэщащ Дыщэк1ым. - Фэ зэрыфщ1эщи, дз ильэс к1ьэс мыпхуэдэ фестивалхэр к1ьызыдогъэпэщ, махуэшхуэхэм епха зэхьихьэхэр ди1эщ. Іэмал зэрди1эк1э иужь дитащ. Ди1эк1 Эртан к1ьыхилъхьащ ДАХ-м фонд и1эн зэрыхуейр. Европэм ис адыгэхэм я щэнхабзэ федерацэм и1эщ апхуэдэ фонд. ДАХ-м мыльку бг6эдалъу щ1ытамэ, хэкум зыгъ6эзэжэм зыгуэркІэ хьхуэсэбэпынут, абы дихьэхыу, тригъэгушхуэу к1уэжьини щы-Іэнут.

Сириеи зауэм зэрыщыщ1идзэрэ Тыркум Іэпхъуэ ди къуэшхэм КАФФЕД-м и хьыкъ Хасэхэм зэрызыщ1агъэкъуэм тепсэлъыхьащ **Мэкэр Ведат**. Абы к1ьхихигъэщащ адыгэ мини 3-рэ 600-рэ хуэдизэ къэралым зэрыІэпхъуэр, нэхъыбэм л1ажьыгъэ к1ьызэрагъуэтар, лъэ6ыдэк1э зэрыувар. Абыхэм ящыщу Европэм Іэпхъуэну, хэкум к1уэжьну хуейхэми КАФФЕД-р ядэ1эпык1ыауад, ц1ыху 1200-м тырку паспорт к1ьы1ахащ.

ДАХ-м и фондым теухуа Іуэхур, ар зэрылажьэнум, зыгъэлэжьэнум, зи мы1ьку хэзы1ьлъхьэнум теухуауэ псори уб6ыхун хуейщи, к1ьблагъэ Конгрессым щ1ытепсэлъыхьыну унафэ зэрыщ1ыІэр зэ1ащ Сэхъурокъуэм.

Зэ1ущ1эм щытепсэлъыхьащ зыуэ щ1ыхьагъащ1э І9нат1эхэмрэ ДАХ-мрэ зэрызэдэлажьэм, Интернетым и І9малхэр къагъэсэбэпу хьыбархэр ц1ыхуэхэм я пащхьэ зэрыралъхьэм. Абы и лъэныкъуэк1э къэпсэлъ1ахэм к1ьы-хагъэщащ ДАХ-м и сайтыр иджырей жыпхъэхэм изагъэу зэрыщ1ыбытыр, Хасэм щек1уэк1 л9жьыгъэр и ч6зуэм къралъхьэу фейсбукымрэ инстагрململрэ нап9к1уэц1 щхьэхуэ зэрыщ1ыІэр. Сайтым ильъапхъэ тхыгъэхэр Хасэ к6ыдамэ псоми ик1эщ1ып1эк1э к6рагъэхьу з9теубл9н зэрыхуейр, адыгэбзэмэрэ урысыбзэмрэ нхъ еб9к1ми, тырку6зэк1э, н9мыщб6зэк1э, хьэрыпы6зэк1э, инджылы-зыбзэк1э тхыгъэхэр зэрилъхьапхъэр, абы сайтым и сэбэпнагъым зэрыхиг1эхъуэнур, ди к6уэш хэхэсхэми, ахэр зыбг6эдэс лъэпкъхэми ДАХ-м и л9жьыгъэр зыхуэдэр нэхъыф1у зрагъэщ1энымк1э щхьэпэ зэрыхъунур жа1ащ. Апхуэдэуи Иорданием щылажьэ «Нарт-TV» каналымрэ ДАХ-мрэ хэкумк1э щы1э адыгэ хэгъэгухэмрэ я телевиденэмрэ зэрызэдэлажьэну щы1ак1э Інтернэсэлъхьащ **Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ Нэпіащэ Ахьмэдрэ**.

Зыуэ щыт адыгэ тхыбзэ зэгъэпэщ1ымрэ абы папщ1э щ1эныгъэ-практик9 конференц зэхэщ1ауэ унафэ тещ1ыхьэн зэрыхуейм9рэ теухуауэ къэпсэлъащ **Табыщ Мурат**. «Мы тхыбзэ зэщ1ьхьащ1ык1ым гугъу иригъэхьыр хэкум исхэм я закъуэжьым, ат1э хамэ щ1ынал9э щ1ыпсэухэмэ гъуэгу п9жьыр кьахухэмыхьуу хегъэзэрыхь, - жи1ащ Мурат. - Адыгэбзэм тхыбзит1, ьхэрфыпкъит1 и1эщ жьыхуэт1эм и л1ажьжьэр 1966 гъэм к6ыщ1ыщ1едзэ. Къэбэрдей адыгэбзэм и п9жьрытхэр щ1ыбзыкъм, къэбэрдей-шэрджэсыбзэр зэрагъэзэхуэуэ, Адыгейм ейр иужьк1э зэрагъэзэхуэжьыну къагъэнауэ хьури, профессор Урыс Хьэталий и л9жьыгъэр утыку к1ьихьащ. И1ужьк1э нобэ дызытепсэлъыхь проектыр К1ымафэу Мухьадин к1ьыхилъхьри, абы л1ьандэрэ унафэ гуэр трамыщ1ыхьауэ к1ьк1уэк1 мы псалъэмакъыр. Ильэс 30-м щ1ит1ыук1э Мухьадин зэлэжьа проектым хуэмыарэзэ л1ьныкъуит1ми къ1ьахэк1ак1ым. Ауэ абы щыгъуэм к1ьамыщ1эфыну яб9ри, яг6ъэт1ылъжьауэ щ1ытащ. К1ЬР-м 2002 гъэм къэралхэзк1э к1ьищтат, ауэ Адыгэ Республикэм абы унафэ щ1ытращ1ыхьакъым иджыри к1ьыздэсым».

Проектым л1ьабжьэ хуэхъуар, зэхэсыгъэк1ыныгъэу халъхьэнухэр, едж9ныгъэм теухуауэ зэрыщ1ьхьэпэнэр, л1ьныкъуитІмк1и щ1эгъэпл1ык1эхэр, жы1ьлагъуэ л9ж9ьгъэлІхэр щ1ыгъуэ зэхуэс зэхашэу І9хуэм тещ1ыхьэн хуей унафэр яубзыхуну.

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 154-рэ зэрырикъум иращ1ыкІну дауэдапщэхэм теухуауэ Сэхъурокъуэм жи1ащ ар зэи тщ1ыгъупщэ мыхъуну І9хуу зэрыщ1ытыр, къэралым и л1ыкІуэхэр, жы1агъуэ л9ж9ьк1уэхэр, нэхъыжьы1уэхэр, щ1ал9гъуэлэр хэту І9хуэр Налшык зэрыщ1агъэк1ыгъэр, ар программэ убзыхуам тету ильэс къэс къыз9рызэрагъэпэщ1ыр. АР-м щ1ал9жьэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Л1ымыщ1экъуэ Рэмэзан** иг6эбелдж9ылащ Адыгейм и къуажьэхэм, районхэм апхуэдэ дауэдапщэхэр к6ыз9рыщ1ызэрагъэпэщ1ыр, п9к1у нэхъ инир Мейк9уап9 зэрыщ1ек1уэк1ыІыр. Абы ди адэжьхэм я9хуэщ1ыгъэнымк1э, ди блэк1ар тщ1ымыгъупщэнымк1э, л9эпк1ым и щхьэ я9рик1уар ди щ1эл9м щ1энымк1э мыхьэнэшхуэ зэри9р к6ыхиг1эщащ.

КАФФЕД-м и тхьэмадэ **Хьэгъ9ундокъуэ Яшар** жи1ащ хэкум к6ыщащта унафэм ипкъ ит1к1э, хы Фы1ц1ым и л9эныкъуит1ми щы-гъуэ п9к1уэр зэрыщ1ек1уэк1ыІыр. Тыркум ис адыгэхэр щыгъуэщ1эж ма-хуэм к6ал9 куэдым щ1эзэхуос, КАФФЕД-м епха Хасэ 64-м хэтхэр к6ыдок1.

А махуэм хэкум ик1ыу Тыркум к1уэхэм е абы к6ыик1ыу Къэбэрдейм к6ыхьэжхэм дызыгъэуль9ин, дызэрыс к6ыхьэрэмрэ абы и хабзэхэкэрэ к6емызэгъын я1эщ1эмыщ1эу І9хуэр зэфІэгъэк1ын зэрыхуейр к6ыхихигъэщащ Сэхъурокъуэм.

Гъэзэщ1ак1уэ гупым хэтхэр тепсэлъыхьащ хамэ ь6рхьэ я1эщ1ах9уа адыгэ щ1ал9гъуэлэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм и л9ж9ап1э нэхъыщ1ьхэкэм щ1ег6ъэжьным, сабийхэр гъэмахуэ мазищым къ9ирибыдэу зыгъ9ап1эхуак1э къэгъэк1уэным. Шэрджэс Хасэм и тхьэмадэ **Аслъэн Алий** жи1ащ сабийхэр сыт хуэдэ щхьэусыгъуэк1э хэкум к6ихьэжми сэбэпынагъ зэрыпылъыр, ахэр Кавказым к6ыхьэхьэупсэу, хэкупсэ хьуауэ зэрагъэзэжьыр.

Хьэгъундокъуэ Яшар к6ыихьлъхьащ хэкумрэ хамэщ1ымрэ щыщ1ыкэр зэк1эльык1уэныр я н9ік1э щ1агъэтын зэрыхуейр. «Пщэдджьжьым Хасэщ1э к6ьунэхуауэ н9ху к6ьщ1ек1 щы1эщ, я щ1ынымрэ я1ажьынымрэ з9іымыбзу, УФ-м и Посольствэм и н9ік1э щ1эмыту. Апхуэдэ гупхэм к6ращ1ал1эхэм дрогуэавэ, - пищащ Яшар, - л9ьпк1ъ І9хуэм пы1ьу апхуэдэ гуэрхэм ирагъэблагъэхэм х6ьбар к6ьщдагъащ1эмэ, н9хъ з9гъ6ззэуа х6ьнущ. Дунейм адыгэу щ1ызэхэзек1уэр дэ т6ъуэщ1эк1ьуэнк1ьым, ауэ гуп з9рыІыгъ хэкум н9щик1к1э, ф9 невг6ажьэу, дэ ед9гъэблагъэу щ1ытпхъэт. Псалъэм папщ1э, ид6жьпсту гупищ концерт, н9гъуэщ1 І9хуэк1э н9к1уэуэ щ1ы1ащ, ауэ дэ дыщ1ыгуаз9эк1ьым. Ахэр І9хуэу мыф9мыщ гуэрхэм хашэмэ, я9пэу ж9уап зыхьы1ьнур дэращ».

КАФФЕД-м и л9ык1уэ **Урым Баки-Сами** к6ьыхигъ9щащ Тыркум к6ьик1ыу зыгъ9ап1эхуак1уэ к6ьагъ6ак1уэ сабийхэр санаторэхэм зэрыщ1ы1эм зы І9хуэу хагъэхъуэну зэрыщ1ьрыльэІур, адыгагъэр, адыгэ зэ9хтык1эр, адыгэбзэр н9хъ я1ащ1эн щхьэк1э зы ть6хьмахуэк1э адыгэ унагъуэхэм я1ш9рэ щагъэ1эу з9трагъ6лэфамэ, сэбэпы1ш9уэ зэрыхьунур. Сэхъурокъуэ Хьэутий жи1ащ ар гугъу демыхьу з9рахуэзэфІэк1ыІнур, Тыркум к6ик1 нэфжьыщ1эхэр зыщ1ащ л9эпк1ъ нэгъунэ х9кум к6ьыщагъ9ту зэрагъэк1уэфынур, к6ьищынэмыщ1ауэ, унагъуэ хуэщ1ах9м зэрытрагъэш9фынур. Ауэ абы щхьэк1э е9зы сабийхэм апхуэдэ ж9рдэм я1эн хуейщ, зыкІ9рыдмычу зэгъ9уэу санаторэм щы1эмэ, н9хъ к6ьзы-щт9хэр зэрыкуэдыр к6ыхиг1эщащ тхьэмадэм.

Табыщ Мурат к6ьыхиг1эщащ Къайсэр адыгэбзэ зрагъэдж сабийхэр зэрыщ1ы1эр, ахэр х9кум къатш9рэ а зэджэм и мыхьэнэр зэрыдгъ1ьагъуэмэ, ядж адыгэбзэр я тхьэк1ымэм и1ымэ н9хъыф1у к6ьызэрилъ1ытр.

Израилым и л9ык1уэ **Тхьэухъуэ Зухьер** иригъэвэу зы І9хуэгъуэ к6ьыхиг1эщащ. Израилым адыгэхэр дэсу ит к6ьуажьэхэр Кфар-Камэрэ Рихьэнюерзщ. Йемен л9ьныкъуэм к6ик1а хэзрыпхэр дэсу Абу-Гош жы1э щы1эщ. Иджы абыхэм Кавказым к6ик1ахэм к6атепщ1ык1ауэ, адыгэу, ш9ышэу жа1эу зэрыдэтым зэранныгъэ к6ызэрихьынур игъэбелдж9ылащ Зухьер.

- Мыбы дызымыгъ1ьтхьэн, ди напэ тезыхьэн куэд к6ьрахьэжьащ. Ахьшэ куэду зэрыхухахьм к6ьыхэк1ыу, а жа1эхэм щ1ыхьэт техъуэ тхыгъэхэр урысыбзэк1и, н9мыщ6зэк1и, инджылы-зыбзэк1и тхауэ зэбграгъэхащ, интернетым к6ралъхьащ. Адыгэр зэрыдг6эбзэгъуэну І9малкъым а н9угъуэщ1ыльъ зыщ1этхэр зыхэдг6эхьэныр, ар к6ъэхунк1э І9мал зимы1эщ, адыгэр зэрыб6гъуэн хуейр езым к6ильхуу и сайтым.- Иджыблагъэ «Черкес ДНК» проект гуэр к6ьрахьжьауэ ш9рджэсу зыкъыщ1грагъэдзыну х9тщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм абы теухуауи псатепщ1ыжьауэ, зыхэпсэуэ к6ьнуущ я щ1ап1эхэр.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм архив хъумап1э ищ1ыныр зэрыфІэигъуэм теухуауэ къэпсэлъащ **Щоджэн І9миат**. Абы к6ьыхиг1эщащ хамэ к6ьрал щы1эсу ди лъэпкъэг6ъуэм ц1ыху з9чиифІэ куэд к6ьаззрыхэк1ар, абыхэм я І9дак6щ1эк1ыхэр тхьылъу к6ьызэрыдэк1ар, хамэщ1ым ипхъэ хъуа адыгэхэм я1теухуа дэфтэрэхэр куэду зэрыщ1ы1эр, а псори зэхуэхьэсыжауэ хъумап1э щ1ын зэрыхуейр. «Хэхэс адыгэхэм я к6ьеlук1ык1ар к6ыызыхэщьж дэфтэрхэр, ди тхыдэм и напэк1ыу1эр, художественнэ тхыгъэхэр, публицистикэр зэхуэхьэсауэ ДАХ-м и1эныр мыхьэнэшхуэ зи1эщ», - к6ьыпищащ І9миат.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1ак1уэ гупым хэтхэм зытепсэлъыхьа І9хуэгъуэхэм я1теухуауэ унафэхэр І9ятк1э к6ьызэдащ1ащ. К6ьык1эльык1уэ зи чэзу з9іущ1эр Тыркум щрагъэк1уэк1ыну КАФФЕД-м иригъэблагъащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ,
Остердамме - Дюссельдорф - Налшык.

● Гу зылъытапхъэ

Ар Іэпэдгъэлэл пщІы хъунукъым

Республикэм и ветеринар І9натІэм и къалэн нэхъыщхьэр І9щ1ымрэ къуалэхэмрэ хапкърык1 уз зэрыщ1ал9хэм КъБР-м и щ1ынальэр, ц1ыхуэхэр щахъумэныр, фІагъ6шхуэ зи1э І9щхэк1ыхэмрэ гъэшхэк1хэмрэ къэлэжьыныр щ.

А КъАЛЭНЫМ з9пэщу ехъу1эн папщ1э дэтхэнэ І9щ1ри къэрал ветеринар І9натІэм и н9ік1э щ1этын, дэтхэнэми и ч6зум хущхъуэхэр хал1ьхэн хуейщ. Къ1ьхэдгъ9щ1ынщи, бруцеллез, лейкоз, сэрмэлыч, хьащхьэрыІуэ узэкр ц1ыхуэхэми к6ахуэк1ыуэнк1э хъунущ.

Иджыри тщыгъупщ9жакъым 2016 гъэм Якутием к6ыщы-хъея сэрмэлычымрэ І9щ1ышхуэхэм к6ащ1ипкърыхьа нодулярнэ дерматитымрэ к6ариК1уэахэр. Ахэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэдым к6ажьхэуащ.

Ди республикэм и щ1ынальэм щы1э І9щ псоми нэгъабэ и ч6зум вакцинэхэр зэрыхал1ьхьам и ф6ыкы1эдар, абы зигъэпщк1уауэ арк9удейщ. Мыбдеж гурыІуэгъуэ щохъу вакцинэм и мыхьэнэр.

Ц1ыхуэхэми, І9щ1ми я дежк1э шынагъуэу, уеблэмэ шынагъуэ дыдэу щ1ыт хэкум к6ьмыхьеин папщ1э къэрал ветеринар І9натІэм мы з9маным щрагъэк1уэк1 уз зыбжанэм щахъумэн мурадк1э І9щ1эм вакцинэхэр х9лъхьэным теухуа мазэ л9жьыгъэ. УФ-м М9хъумэш хозяйствэмк1э и министерствэм ветеринариемк1э и департаментым н9гъабэ и епл1анэ кварталым ди республикэм к6ьыхуиуТ1ыпщащ І9щ1эм я9хуриКъуэм хуэдиз хущхъуэхэр. Ахэр І9щ мелуанрэ мин 400-м я9хурик1ынущ.

Ди щ1ынальэм щыпсэу псоми к6агурыІуэну дыщогугъ мыбдеж ветеринар І9щ1агъэл1эхэм зыщ1ыщ1агъэхэм зэрыхуейр. Ди ц1ыхуэхэм я нэхъыбэр к6уажьэ щ1ыпІэхэм зэрыщ1ыпсэуэр ик1и нэхъыщ1ьэу зыхэпсэук1ыр І9щ1ымрэ дж9дк6ьазэмрэ арауэ зэрыщ1ытыр к6ап1ьытэмэ, и ч6зум ирагъэк1ыу ветеринар І9хуэхэрэщ абыхэм я экономикэ, социальнэ шынагъуэншагъэм и л1ьабжьэр.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Бэрбэч Хьэт1ут1э и ц1эр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ къ9щ1ыз9рагъэп9щащ «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» щ1эныгъэфІ зыбг6эдэльхэм я джэгу-зэпеуэ. Абы к1ьэ хьыбар дигъэщ1ащ еджап1э нэхъыщхьэм и пресс-І9натІэм и л9жьыгъуэ Солгаловэ Наталье. «Денди» кафем щек1уэк1а зэпеуэм хэтащ еджап1э нэхъыщхьэм и къудамэ з9мылІ9ужьыгъуэхэм къабгъэдэк1 гупи 9.

● Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?

«Жьынду Іущыр» нэхъ акъылыфІэхэм яІэрохьэ

КъБКъУ-м и Студент-хэмрэ аспирантхэмрэ я профсоюз зэгухьэныгъэм и пашэм и кубокым щ1э-бэнащ зэпеуэм хэтахэр. «Жьынду Іущыр» зы1эрагъэхьэным хущ1экъуэ щ1ал9гъуэлэм жэуап купщ1афІэхэр ик1и хьэлэмэтхэр ираташ университетым и егъэджак1уэхэмрэ студентхэмрэ кърата упщ1э куэдым. Студентхэм ящыщу текІуэнрэ хэтми, зэпеуэм и иужьрей дакъик1э пщ1ондэ н9ІуЗ хуауэкъым, апхуэдизу зэхьэзэхуэр гуащ1эти. Ик1эм-ик1эжьым пашэ хъуащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и «Winx» командэр.

Саугъэт фондыр сом мин 20 хъурти, абыхэм ящыщу мин 16-р студентхэм къ9ьхэуащ, «Жьынду Іущ» саугъэтри щы1эгъуу. Мини 4-р упщ1эхэр х9ьызыбг6эдэк1ахэм къ9ухэнащ. Апхуэдизт я уасэр Іущхэм жэуап зрамыт1ыфа упщ1эхэм.

Университетым и студ-профкомым фІыщ1 ин яхуищ1ащ джэгу-зэпеуэ хьэлэмэтым жыдж9ру х9та псоми. Апхуэдэу псалъэ гуапэхэр жра1ащ І9хуэр щек1уэк1а «Денди» шхапІэм и упщ1эхэмк1.

КЪАРДЭН Маритэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Пхъэнк1эн щимыдэм...

Бахъсэн районым и суд участк9 №93-м и хьэкумэщ1ым 2017 гъэм дыгъэгъ6эзэм и 11-м къ9щта унафэм ипкъ ит к1э Бахъсэн къалэм щыщ л9жьапІэнэщэм тезыру тралъхьат УФ-м и УК-м и 157-нэ статьям и епхэ І9ыхьэм к6ыщыгъэлъэгъуэ щІэпхъаджагъэр (и сабийхэр зыхэпсэук1ын мыльку з9рарим ыт1ым щхьэк1э) зэрилъэкъамк1э игъэкъуаншэрэ. Ар залымыгъэк1э мази 7-к1э ягъэлэжьэн хуейт, къилэжьым и проценти 5-р къэралым І9рыхьэу.

УГОЛОВНЭ-гъэзэщ1ак1уэ инспекцэм къ9ьхихат ирагъэщ1энури - жэуап зэхэгъэщхьэхук1а зыхь «Бахсандомоуправление» обществэм пхъэнк1ак1уэу щылъэжьэн хуейт. Арщхьэк1э ягъэкъуэншам суд унафэр ф6ыф1ы1эхуакъым ик1и пхъэнк1ак1уэу л9жьэн идакъым.

Пхъэхъуэщ1ым щамы1ыгъыу тезырхэр зэрырахьэк1 щы-к1эм к1эл1ьплъ уголовнэ-гъэзэщ1ак1уэ комиссэм суд зыхуэгъэзащ ягъэкъуэншам и п9к1э тралъхьа тезырыр н9хъ т6ик1и1ык1э зэрахьэуэк1ыну хуиг1эльагъуэу.

Ар ди1ыгъ1ащ судым и л9жьыгъэм х9та прокурорым.

Иужьрейм и І9хуэ ел1ьплъ к1эр к6ильытэри, судым зэрихъуэк1ащ тезырыр. Иджы ар мазитІрэ махуипщ1к1э щыпсэунущ жьылагъуэу щыт колониеи.

Ищэн мурад и1этэкъым, езым зрихьэл1эну арат

Прохладнэ район судыр х9ілъащ а щ1ынальэм щыщ ц1ыпсэу щ1ыхум, 1978 гъэм щ1ышылэм и 28-м къ9ал1ьхуам, теухуауэ къ9ІэтэуголовнэІуэхум. Ц1ыхухъур ягъэкъуаншэрт УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и 2-нэ І9ыхьэм к6ыщыгъэлъэгъуэ щ1эпхъаджагъэр («ищэн мурад имы1эу наркотик зыхэлъ к6эк1ыгъэхэр х9ьуду хабзэншагъэк1э зэрызы1эригъэхьам ик1и зэрихьэмэм папщ1э») илэжьауэ.

СУДЫМ щыз9хагъэк1ащ абы 2017 гъэм и шыщхьэу1ум щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и з9хуэдит1ыр къэсхуу Ново-Полтавскэ къуажэм пэгъунэгъу гъэгум ег6эщ1ыл1а щ1ыпІэм езым к6ыгъэсэбэпын мурадк1э щ1эп ежьужьым и къудамэ ц1ыкІухэу псори зэхэту килограмм 12,1-м щ1игъу зи хьэлъагъ к6ыізэрыпичар ик1и ар «Янтарное» мэкъумэшыщ1эфермер хозяйствэм и л1ьапсэм зэрыщ1игъэпщк1уар.

2017 гъэм щэк1уэгъуэм и 24-м мэкъумэш-фермер хозяйствэм и щ1ыпІэм, имыщ1эу езым зрихьэл1эн мурадк1э щ1эп ежьужьхэм я тхьэмпхэу грамм 78,7-рэ щ1ызэхуихьэсащ. Ари а щ1ыпІэм щихьэмэрт.

Полицэм и щ1ынальэ І9хуэщ1ап1эм и л9жьак1уэхэм а махуэ дыдэм хозяйствэм к6ыщагъуэтащ псори зэхэту килограмм 12,2-рэ хъу наркотик къэк1ыгъэхэр. Ц1ыхухъум щ1эпхъаджагъэ зэрилъэкъамк1э зиумысыжащ.

Судым ц1ыхухъур апхуэдэ щ1эпхъаджагъэ зэрилъэкъамк1э къ9ухэнщэу к6ильытащ ик1и, прокурорым и І9хуэу еплъык1эм трищ1ыхьри, ц1ыхухъум тезыру трилъхьащ илъэси 3 л1ъэхъуэщ1ым щигъэк1уэну.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу

Мэгъу къару

«ПIурылъу зы бзэ, уздису зыщI,
Хьэлэлу къыщыптепсэкIэ зы дыгъэ,
Адыгэу упсэуным къикIыр зыщ -
Уадыгэну къыпкъуэкIынырщ лIыгъэ».

Мы сатыр цIэрыIуэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин хэт зымыцIыхур?! Сыт хуэдэ Iэнатlэми езым и лъэпщхэр иIэжщ. Литературэм, псом хуэмыдэу лъэпкъ усыгъэм, и лъэпщхэм ящыщщ Бемырзэр. Мухьэдин и творчествэр апхуэдизкIэ къуэпсыбэщ, бгъуфIэщи, дэтхэнэ и зы къуэпсри гъащIэ псо ирокъу. ГугъуехькIэ гъэнщIауэ щыта абы гъащIэм ириплъэж дэтхэнэми япэу и нэ къыIуидзэнур адыгэлI нэсым и гъуэгуанэщ.

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин къыщалъхуа Али-Бэрдыкъуэ (Хьэгъундыкъуей, КъШР) къуажэм щхьэкIэ щIэнығъэлI БакIуу Хъанджэрий «УсакIуэхэм я Мэккэ» ауэ жиIакъым. Лъэпкъ литературэм щыцIэрыIуэ тхакIуэхэу Хьэгъундокъуэ Рэмэзан, АбытIэ Владимир, Анзор Мухьэмэд, Нэхущ Мухьэмэд, Шорэ Ахьмэд, Пхъэш МуIэед, Шыд Юрэ, Шорэ Хьэсин, АбытIэ Хъызыр, Иуан Щамел, Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ сымэ, нэгъуэщI куэдми я лъабжьэр къыщежьар а къуажэжьырщ. АтIэ, сыт Бемырзэр адрейхэм емыщхь зыщIыр? - Абы и усэхэм ящIэлъ мэгъу къарурщ, Мухьэдин и IэдакъэщIэкIхэм уеджа иужькIэ уи кIапцIэм щытIыс лъэпкъ узырщ, узэрыадыгэм папщIэ къыпхилъхьэ гушхуэныгъэрщ, лIыгъэрщ, нэхъыщхьэращи, яхэлъ къабзагъэрщ. А щхьэхуэныгъэхэращ а тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм гъащIэ езытыр.

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ усакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, «ЩIэнгъуазэ» газетым, Къандур Мухьэдин и цIэр зезыхьэ дунейпсо саугъэтхэм я лауреат Бемырзэ Мухьэдин Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм 1948 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м къыщалъхуащ. Хэку зауэшхуэм уIэгъэ хьэлъэу къикIыжа я адэ Хьэмид пасэу дунейм ехыжри, Мухьэдинрэ и шынэхъыщIэ Мухьэрбийрэ зи ныбжьыр илъэс 20 фIэкIа мыхъуа я анэ Лелэ къыхуэнащ. Зэманыр хьэлъэт, щIэгъэкъуэныншэ унагъуэр Лелэ и адэанэ Хьэмидрэ Хьэуатрэ зрашэлIэжри, сабийхэр япIащ, ягъэсащ.

Я къуажэм дэт курыт еджапIэр 1966 гъэм къиуха иужькIэ, Мухьэдин щIэтIысхьащ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым. ЕгъэджакIуэ IэщIагъэ зыIэрызыгъэхьа щIалэщIэм я къуажэм дэт курыт еджапIэм игъэзэжри (дзэм къулыкъу щыщищIа илъэс закъуэм фIэкIа къэмынэу), дунейм ехыжыху, адыгэбзэмрэ литературэмрэ щригъэджащ.

Мухьэдин егъэджэныгъэ IэнатIэм къыхуигъэщIа зырызхэм ящыщт, сабийхэр фIыуэ зылъагъу егъэджакIуэ Iэзэт. Абы щыхьэт техъуэр 1988 гъэм ЩIэныгъэм и лэжьакIуэхэм я союзпсо съезду Мэзкуу щызэхэтам КъШР-м и лIыкIуэу ягъэкIуауэ зэрыщытамрэ «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр къызэрыфIащамрэ я закъуэкъым, атIэ анэдэлъхубзэр я пкъынэлъынэм хэлъу фIыуэ зригъэлъэгъуа щIэблэм я гум кърина лъагъуэ нэхурщ. Мухьэдин ит зэманракъым, къэкIуэнуращ зыхуэлэжьар, ар ипэкIэ плъэ зэпытт.

Бемырзэм къалэмыр къыщищтам иджыри курыт еджапIэм щеджэрт, ар ебланэ классым щIэсурат «Инжыдж» зыфIища и япэ усэр «Черкес пэж» газетым къыщытехуам. Абы иужькIэ Мухьэдин къыдигъэкIа тхылъхэм языхэзми имыхуами, абы и япэ сабий усэр псэуху и гум ихуакъым, ар гъуэгу махуэ тезыша ибжырти.

ХьэтI, дамыгъэ щхьэхуэ зиIэ тхакIуэт Бемырзэр. Абы и IэдакъэщIэкIхэм къапих адыгэмэр зым ейми хэгъуэщэнукъым. Ар и унагъуэми, къыдалъхуахэми, и ныбжьэгъухэми яхуэусащ, лъагъуныгъэм теухуауэ иIэхэри мащIэкъым, ауэ Бемырзэ Мухьэдин и творчествэм нэхъыщхьэу къыхэщыр лъэпкъ узыр ипкъкIэ зэригъэваращ, Адыгэ лъэпкъым хуэгъэза тхыгъэхэрщ. ЕгъэджакIуэм, гъэсакIуэм, ущиякIуэм, къуэфIым, адэфIым, усакIуэм, лъэпкъылIым я къалэнхэр нэсу игъэзэщIащ абы. Шэч хэмылъу, «Адыгэу нобэ ущытыныр гугъущ» псалъэхэр абы езыгъэтха гъащIэр дыгъафIэ защIэу щытауи къыщIэкIынкъым, ауэ а тхакIуэм и мыгъуагъэ нэхъыщхьэу жыпIэ хъунущ и гур «кIуэцIрыкIыбжэу» цIыхухэм яхузэIухауэ зэрыщытар.

«Уи гъунэгъум и хьэдагъэу, уэ лъагъуныгъэ усэ пхуэтхынукъым, гу уиIэххэу щытмэ. Ар щIыжысIэращи, цIыхухэм, къэралым я Iуэхухэм ухэтын хуейщ, абыхэм я гукъеуэр уи гукъеуэу ущытын, лъэпкъыр зэрыхъуу ухъун хуейщ. Абы къикIыркъым псым уздихьымкIэ зебгъэхьын хуейуэ. УсакIуэм езым и Iуэху еплъыкIэ имыIэжмэ, властыр здэщыIэмкIэ плъэ зэпытмэ, абы итхынум упыкIащ. УсакIуэр IумпIафIэу щыт хъунукъым, цIыхум я псэм щыщIэр гукIи псэкIи зыхищIэу, гъащIэм и пэжым къэмыланджэжу щIэбэну щытынырщ абы и зэчийр зыхуэщхьэпэу зыхуэлэжьэн, «зыхуэIурыщIэн» хуейр», - псалъэхэр итхауэ щытащ Мухьэдин.

ГъэныщкIуж лей хэмыту а сатырхэм къагъэлъагъуэ Бемырзэм зэманымрэ гъащIэмрэ яхуиIа еплъыкIэр, усакIуэм и къалэн пэрыту къилъытэу щытар. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм и щыхьэтщ ди къэралым япэм бжьыпэр щызыIыгъа идеологием хуэмылIыщIэу, щытхъу усэ хуимытхыу, езым и гупсысэкIэ, дуней еплъыкIэ иIэжу ар зэрыпсэуар. Абыхэм щыхьэт тохъуэ шэрджэс усакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа «Ашэмэз», «ХъуэпсапIэ», «Кхъухьлъатэхэр къокIыж шэшэн лъэныкъуэм», «Бажэм и фэр и бийщ», «Жэуап», «Адакъэр мыIуэ щхьэкIэ нэху щын къэмынэ», «Сэ сыхуейт зэхэслъхьэну уэрэд» усэхэмрэ «Поэмэ нэщхъеймрэ».

Критик цIэрыIуэ Сокъур Мусэрбий и жыIауэ, «абы фIыуэ къыгуроIуэ гъащIэм гупэбжи щIыбагъыбжи зэриIэри, зы цIыхур щыгуфIэм, адрейр гъынкIэ зэрыхъунури. Ар усакIуэ нэгъэсахэм я хьэлщ».

«Уи ныбжьэгъур къызжеIи, узищIысыр бжесIэнщ», - жаIэ. Бемырзэ Мухьэдин цIыхугъэу, ныбжьэгъуу иIам я бжыгъэр нобэ зыми къыхуэбжыну къыщIэкIынукъым, абыхэм я нэхъыбэр пыIэ зыщхьэрыгъым я нэхъ ахъырзэману къалъытэхэрт. И гъащIэ гъуэгуанэм куэд щыгъуазэми, мащIэ дыдэщ зыщIэр Бемырзэм бгъэдэсын, ечэнджэщын папщIэ цIыху гупышхуэхэр щIэх-щIэхыурэ къыхуеблагъэу зэрыщытар, къэрал къулыкъущIэхэми, унафэщIыми къахуэмыгъэдаIуэу зыкъэзыIэта цIыхухэр Мухьэдин и зы псалъэм зэтригъэсабырэжу фIэлIыкI зэриIар, абы гъуэгу кърамыту къеныкъуэкъуу куэдрэ къызэрыпэщIэтар. Дэнэ иджы абы къыпэщIэтахэр здэщыIэр?..

Мухьэдин и псалъэ нахуэ зыхэлъ усэхэм ящIэлъ къэуатыр кIуэ пэтми нэхъ ин хъу зэпытщ. Апхуэдэщ «Уадыгэным къикIыр», «Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм», «Лъэlу», «Ирехъу и Iэнэр узэда», «Кърy жэщ», «Бажэм и фэр и бийщ», «Мейкъуапэ щыщIэдзауэ Адлер нэсу», «Адыгэм ноби бийхэр къатеуам», «Адыгэм жаIэ», «ГугъапIэ», «Тебэрды псыхъуэ», «Тыркум щыпсэу адыгэм и тхьэусыхэ», «Хэхэсым и гъыбзэ», «Громовый гул» седжа нэужькIэ», «Псысэ», «Псыхэгъэ», «Узгъейуэрэ си нэпсри гъущыжащ», «Си лъэпкъ, ухуэдэщ уэ къэкIыгъэ жылэу...», «Жэуап» усэхэр, «ЛIыгъэм и тхыдэ» поэмэр, нэгъуэщIхэри.

Ар къулыкъущIэкъуу щытакъым зэи, и псэм хэлъ анэдэлъхубзэр щIэблэм яIурылъхьэным нэхъ IэнатIэфIи щIыхь зыпылъи щымыIэу къилъытэрт абы.

«...Усэнри щIэблэ гъэсэнри, бзум и дамитIым хуэдэу, зэкIэрыпч мыхъуну зэпыщIащ. Аращ, армэм сыдэмыкI щIыкIэ щIэздзауэ, сэ гукIи псэкIи сфIэкъабылу ди къуажэ еджапIэм ди лъэпкъыбзэмрэ литературэмрэ щIыщезгъэджыр. ИкIи сэ абы гупсысэ нэхъыщхьэу къыхэсхар араищи, нобэ зи щIэблэр зыIэщIэзыгъэкI лъэпкъым пщэдей и бзэри IэщIэкIынущ, сыту жыпIэмэ, ар зэрыбгъасэ щIыкIэм, зыщIэппIыкI псалъэхэм елъытыжащ и анэдэлъхубзэм ириплъыну фэри. Ауэ щыхъукIэ, урипсэун, уи бын ирипIын къудей щхьэкIэ утхэнри анэдэлъхубзэм урилэжьэнри икIагъэщ. Бзэм бын ирапIыркъым, ирагъасэ мыхъумэ. Аращи, си лъэпкъымрэ си бзэмрэщ зытеухуар, адыгэ щIыналъэрщ зыхуэгъэпсар сэ зы бзум и дамэу слъытэ IэщIагъэтI къыхэсхари, си япэрей «уэрэд» нэхъыщхьэу слъытэри. Ауэ а уэрэдыр сабийр зэрагъэжей, зэрытрагъэу гущэкъу уэрэдкъым, атIэ ди зэман къуапэтемэным, ерум хэкIуэдэжу хуежьа си лъэпкъыр бэнэныгъэм хуезыджэ тхьэгъущ. ИкIи а тхьэгъушым и макъыр зи гумрэ зи псэмкIэ зыхэзыщIэ цIыхухэрщ зыхуэгъэзар «уэрэдкIэ» сызэджэ си усыгъэхэр», - и интервьюхэм я зым щыжеIэ Мухьэдин.

Бемырзэрщ Къэрэшей-Шэрджэсым адыгэ литературэр 9-нэ класым зэрыщадж учебникымрэ программэ зыбжанэмрэ, 9-нэ, 11-нэ классхэм я хрестоматиехэр зэхэзылъхьахэм ящыщтар. Мы зэманкIэ ди къуэш республикэм и курыт еджапIэхэм я 2-нэ, 3-нэ, 9-нэ, 11-нэ классхэм адыгэбзэр зэрыщадж учебникхэр, хрестоматиехэр, методикэхэр зэхэзылъхьар Мухьэдин и щхьэгъусэ Шыбзыхъуэ Зурьятрэ (тхыдэмкIэ егъэджакIуэу, егъэджэныгъэ IуэхухэмкIэ курыт еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьащ) и бынхэмрэщ. Ари абы и зы фэеплъ лъагъуэу пащэжауэ ирокIуэ.

«Зэкъуажэгъухэр» (АбытIэ В., Шорэ А., АбытIэ Хъ. сымэ я гъусэу), «ЛIыгъэм и тхыдэ», «Уэрэду сиIэр уэрщ», «ДыгъафIэ уэс», «Адыгэу ущытыныр гугъущ», «Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэ дунейр» усэ тхылъхэм я закъуэкъым Мухьэдин къыщIэнар. Абы къыщIэнащ езым хуэфэщэн бын гъэса. И къуэ Зураб литературэм езым и псалъэ щыжызыIэж тхакIуэщ. 2016 гъэм «Зы щIымахуэм и плъыфитI» фIэщыгъэм щIэту и япэ тхылъыр дунейм къытехьащ. Я адэм лъэпкъыбзэм хуиIа лъагъуныгъэм пащэжауэ, Мухьэдин ипхъу Зулетэрэ Мадинэрэ я къуажэ дэт курыт еджапIэм анэдэлъхубзэмкIэ щрагъаджэ. КъШР-м лъэпкъыбзэхэмкIэ егъэджакIуэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щызыубыда Мадинэ 2014 гъэм Москва щекIуэкIа урысейпсо зэпеуэм хагъэхьати, абыи япэ увыпIэр къыщыхуагъэфэщауэ щытащ. Лъэпкъыбзэм хуиIэ лъагъуныгъэр, ар щIэблэм ябгъэдэлъхьэнымкIэ иIэ зэфIэкIыр къалъытэри КъШР-м и Iэтащхьэм и грантыр кърататащ.

ЖыпIэ хъунущ Бемырзэ Мухьэдин и творчествэр Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ щызэхащIыкIауэ, нэхъ кууэ къащыгурыIуауэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди деж абы щиIэ пщIэмрэ лъытэныгъэмрэ куэдкIэ щынэхъ лъагэт, абы и тхылъ зыбжани ди республикэращ къыщыдэкIар. Ар зигу темыхуэхэм: «Уэ Къэбэрдейрщ узиусакIуэр», - псалъэхэр хъуэну куэдрэ зраудэкIа Бемырзэ Мухьэдин а фIэщыгъэм щIэт усэ и къалэмым къыщIэкIащ. Къуэзанэ нейкIэ зэманым ихуэнщI гъащIэм лъагъупIэ дригъэхуащ Бемырзэ Мухьэдин Къэбэрдейм и мызакъуэу, адыгэ дунейм тетым я тхакIуэу къызэралъытэр. И ахърэтыр нэху Тхьэм ищI!

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Бемырзэ Мухьэдин *(1948 - 2007 гъгъ.)*

Къыдэлажьэ егъэджакIуэхэр и гъусэу. *Сурэтыр 1980 гъэм трахащ.*

Щапхъэр зи лъабжьэ

Анэдэлъхубзэ литературэм и зыужьыныгъэщIэр 70 - 80 гъэхэм зыунэтIа усакIуэхэм ящыщщ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин. Зи гъащIэр адыгэбзэмрэ литературэмрэ тезыухуа а лIыр сыт щыгъуи зыхущIэкъур сабийхэр лъэпкъыбзэмрэ IуэрыIуатэмрэ хуэгъэушынрат, нарт эпосым и лIыхъужьыгъэ щапхъэкIэ къэгъэтэджынрат.

МУХЬЭДИН и IэдакъэщIэкIхэм ди хабзэр, нэмысыр, адыгэ лъэпкъым и бын пажэхэм я щапхъэр я лъабжьэщ. Зи творчествэр Хэку зауэшхуэм иужькIэ зэфIэува усакIуэм тегъэщIапIэ ещI къызыхэкIа лъэпкъым и беягъэ нэхъыщхьэ псори. Бемырзэр IупщIу хоплъэжыф Хэку зауэшхуэм къыщIэна цIыхубэм я гурыгъу-гурыщIэхэм. Адэншэу зи сабиигъуэр езыхьэкIахэм ящыщщ Мухьэдин. Абы и нэгу щIэкIа гугъуехьхэм я щIэин псы ткIуэпсхэрщ усакIуэм и япэ IэдакъэщIэкIхэм щызэхуэжэсыжыр. Апхуэдэхэм ящыщ ихуащ «Ди гухэлъхэр», «Зэкъуажэгъухэр» усэ сборникхэм.

Бемырзэм и гъащIэм щIэлъ IэфIыр, дуней еплъыкIэр IупщIу щызыхыбощIэ «ГъащIэ», «Анэ», «Зауэм теухуа балладэ», «Хэку», нэгъуэщI и IэдакъэщIэкIхэми. Зауэ нэужь зэман хьэлъэм адэншэу къэхъуа усакIуэм и гупсысэхэм щыпажэр зауэжьым и щIэин дыджыр цIыхубэм иджыри «къазэреузырщ».

И япэ усэхэм щегъэжьауэ Мухьэдин лъэпкъым и къэкIуэнум, и пщэдейрей махуэм щIита уасэм щIогупсыс. И гупсысэхэмкIи уасэ иретыф а псом:

Аргщхьэкlэ жырыр зыгъэша емынэм
ЦIыху къызэрыкIуэр
лъэгущIэтын хуэщIакъым,
Щхьэхуещэ пшагъуэм
къыщипхъуауэ я нэр,
ЦIыхугъэр щIакхъуэIыхьэкIэ ящакъым.

Адэм и IэфIагъ зыхимыщIэфами, и гуапагъэм щымысхьыжу анэр зыхуэупса Бемырзэм шэч къытрихьэкъым гъащIэм и IэфIри, дыгъэм и хуабагъри анэм и Iэгуфэхэм зэрилъым. ГъащIэм и дахагъри IэфIагъри зэхэпщIыкIын плъэкIыркъым, анэм и джэ макъыр зэхыумыхмэ:

Хэплъхьащ ди гъащIэм уэ
къаруу уиIэр,
Иджыри уи гулъытэм дэ дегъэнщI.
Си анэ, пхъашэщ щхьэм
къыдэплъэ уи Iэр -
Ар щабэ сэ щIысщыхъури арагъэнщ.

ГъащIэмрэ гуащIэмрэ я къэуатыр зыхезыгъэщIа и Хэкум усакIуэм зыщыхуигъазэкIэ, фIыщIэ ин хуещI. Сыт хуэдэ гугъуехь хуэмызами, дапхуэдэ уIэгъэ гъащIэм къытримыдзами, Хэкум ахэр зэригъэхъужынур и фIэщ мэхъу абы:

Адэм и IэфIагъыр зауэм сIэщIихами,
Сахэббжакъым зэи сэ зеиншэм, Хэку.
Сабиигъуэ гъащIэр щIыIэу
къыспежьами,
Махуэ гуауэр зэи
къебгъэуакъым сигу.
Анэм и быдзышэм
къыщысхилъхьэм гъащIэ,
Уи IэфIагъым, Хэку,
къарукIэ сипсыхьащ.
Си илъэсхэм ену уэ уахуэгумащIэу
Лъакъуэ быдэ яптри,
гъащIэм хэбгъэхьащ.

Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэхэм увыпIэшхуэ щызыубыдыр и лъэпкъым хуэгъэза гупсысэращ. Тхыдэ гущIэгъуншэм къыпхрихыу, гуауэ щIэин лъэужьу къыздихь гупсысэ гузасэращ усакIуэр зыгъэпIейтейр, и гущIэр къэзыгъэщIытэр. Кавказ зауэжьым лъэпкъым къыхуихьа гуауэ мыухыжым, мухьэжыр гъуэгужьым, кIуэдыпIэм ихуэу, дуней псом щипхъыхьа хъуа адыгэм и дыгъэщ Бемырзэм хукъуэкIри хукъухьэри. «ЛIыгъэм и тхыдэ», «Уэрэду сиIэр уэрщ», «ДыгъафIэ уэс», «Адыгэу ущытыныр гугъущ» усэ тхылъхэр нэхъыбэу зытеухуар а гупсысэхэращ.

ИкIи зэгуэрым и кIэм нэса щагъэу
Сигу мафIэр, си лъэпкъ
мащIэ, хъужмэ дий,
ЖыпIэнырщ: «Си цIэр
щIэлъу и гущIагъым
Тетащ дунейм Бемырзэ Мухьэдин...»

И лъэпкъращ Бемырзэм и гъащIэри и усэхэри тыгъэ зыхуищIыр. Аращ и сатыр къэс зыхузэпцIыр, и гупсысэ къэс зыхуэушыр, и гу къуэпс къэс псалъэ гъуэгуанэ къэуатхэмкIэ зыхуэкIуэр. И лъэпкъым и щIэинымрэ адыгэ бын пажэу дунейм тета адыгэлI, адыгэ пщащэ нэсхэмрэ яхуэгъэзащ Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэр.

БЭЧЫЖЬ Лейлэ,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор. КъШР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ.

Къандурым и саугъэтыр къыщрата махуэм. *Налшык, 2002 гъэ.*

Усакlуэм хужаlахэр

ГУ БАМПIЭ зиIэм щхьэщихыныр, лъэпкъыр щIэукIытэн имыщIэныр, хэкумрэ адыгэбзэмрэ ихъумэныр - аращ Мухьэдин и усэхэм щIэлъа гупсысэр. «Псалъэр бгъэувмэ - выщи, бгъэтIысмэ - цIэщ», - жиIащ адыгэм. Абы и псалъэри игъэувыфащ, и усэри куэдым фIыуэ езыгъэлъагъун псэрэ къарурэ хэлъу къыщIэкIащ.

ШЭПАР Мухьэмэд.

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин мыгъуэр си гум къыщIетхьыр... Абырэ сэрэ дызэхуэмызэу сIэщIэкIащ ар...

НАЛО Заур.

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин зи гупсысэкIэрэ дуней еплъыкIэрэ зиIэж, нэгъуэщI зыми емыщхь усакIуэщ. Ар зэрыадыгэр, адыгэ гурыщIэ зэриIэр и усэхэм гъуэзэджэу къахощ.

ШЭВЛОКЪУЭ Пётр.

Лъэlу

Адыгэ лъэпкъым и Iэпкълъэпкъ пщыкIутI,
Адыгэ анэм и зэш бын гъуэзэджэ,
Фэ адэжь хэкум вагъуэу фыщылыдт,
Фыкъэзылъагъухэр къывэхъуапсэу зэкIэ.

Натхъуэджыр, беслъэнейр, еджэрыкъуейр,
Жанейр, мэхъуэшыр, хьэтыкъуейр, шапсыгъыр,
ИтIанэ абазэхэр, къэбэрдейр,
Адэмей лIакъуэр, кIэмыргуейр, бжьэдыгъур.
Кавказым и дахапIэр фэ фи хэкут,
ЩIыгулъым я нэхъ бейр фи хьэсэ щIапIэт,
Къэрал зэмыщхьэм къыфхухашу гъуэгу,
Фи тенджыз Iуфэр яIэт кхъухьтедзапIэу.
Иджы фэ дуней псом фыщикъухьащ...
Фэрыншэу нэщхъеялэщ чэщей мэзхэр,
Фэрыншэу уэгум вагъуэ щипхъыхьар,
Мэкъуауэ бадзэу, мафIэ нэпцIкIэ мэсхэр.
Адыгэ лъэпкъым и лIакъуэ пщыкIутI,
Iэпкълъэпкъыу цIыхум фэ фхуэдизщи иIэр,

Зыгуэр фыхэщIу и гур ивмыуд
Фи псэуныгъэр гурыфIыгъуэу зиIэм.

* * *

Ирехъу и Iэнэр уззда
Езы хьэтыкъри ирегъаблэ,
Адыгэм и гур зыт зэтар -
Къащымыхъунырт ар ныбаблэ.
Шей фIыцIэ ефэми езыр,
Хуей хъумэ, и щхьэм щIэмыпIастхъэу,
И хьэщIэм папщIэкIэ хьэзырт
Абы сыт щыгъуи и шыгъупIастэр.
И хэкур дахэт, и щIыр бейт,
И Iэщым тафэр яуфэбгъурт,
И зы бгъум хыр къыщыукъубейт,
Тен Iуфэ нэсырт адрей и бгъур.
И щIалэм зищIу лъэгущIэтын,
И напэр кIапэкIэ имыщэт.
Е ажал пащхьэм хуитт итын,
И гъащIэм лъаIуэкIэ пимыщэт.
И пщащэм и щхьэм пщIэ хуищIыжт,
Бзылъхугъэ щIыхьыр ихъумэфырт,
ДахагъкIэ гъащIэр щыз зыщIыжт,
ГуапагъкIэ - унэм и жьэгу мафIэт.
Адыгэ щIэблэр вагъуэ бынт,
Адыгэ лIыжьхэр акъыл бащэт -
Адыгэм сыт ядэбгъуэфынт,
Насып щаIатэмэ мы гъащIэм...

* * *

Я анэр быным щамыдэж зэман,
Я адэм къуэхэр щыхуилъыж лъэхъэнэ,
Ей, зэман гугъу, зэман къуапэтемэн,
Ди япэкIэ иджыри сыт бгъэхъэнур?
Iыхьлыгъэм и IэфIагъым ебэкъуам
КIухьэн зыгуэрым фIэщ щIыгъуейщ хуиIэну,
Абыхэм я тхьэр бохъшэ быдэу къуарщ,
А ахъшэ тхылъырщ ахэм я къурIэныр,
Зы щIыпIэм щызэщехур лым,
НэгъуэщIым щыщIобэгыр щIакхъуэ бзыгъэм -
ЦIыху цIыкIур гъейм зыгуэрурэ къелынт,
ДэмыкIуэдыжмэ ар ныбэизыгъэм...

Бемырзэ Мухьэдин

Адыгэбзэ

Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж,
Си гукъыдэж, си гурыфIыгъуэ,
Дунейр уэрыншэм ныбгъуэхьэшт,
УзиIэу зыми семыфыгъуэ.
УзиIэу зыми семыиж -
АбыкIи, си бзэ, уэрщ си щапхъэр:
Сэ уи беягъкIи сыбеижщ,
Адрейхэр сщIэнуи сыхуопабгъэр.
Уэрыншэм гъащIэр шхын мышыут,
И IэфIи фIэIуи зыхэзмыщIэу,
Мо дыгъэ къепсыр щхьэкIуэ шут,
Абдж къызэрыкIуэт вагъуэ мыщIэр.
ЖызыIэ щыIэщ, псалъэгъэху,
Уэ къэбгъэщIэнур къэбгъэщIауэ,
И псалъэ кIапсэр зэрихъэху,
УфIэмыIуэхуу, къопэбжьауэу.
Сэ зы дакъикъи семыдэIу
Абы я псалъэ мыжьэ-мывэм.
Къуршыпс ежэхыр хуэщIкъым дэгу
Абы зыгуэрым хидза мывэм.
Псыр тожри, мывэхэр къонэж,
Гъуэгу зэрытехьэрэ и псыпэр
ЗэринэкIар абы гъунэжщ,
Мывэ пкIэлъейрэ щхьэдэхыпIэу.
Си адыгэбзэ, уэ улъэщщ,
Зи зэманыгъуэу угурыхуэщ,
ЦIыхугу дэтхэнэри къотIэщI,
Уэ ущагъабзэкIэ Iэрыхуэу.
Зэм, си бзэ, уохъури уэ жьгъыру,
Адыгэ пшынэу уобзэрабзэ,
Зэм къызыкъуохри уи къарур,
ХеящIэ джатэу ар уогъабзэ.
Анэ быдзышэу уэ уIэфIщ,
УщыщхьэщыскIэ сабий гущэм,
Гухэлъ уэрэди жыбоIэф,
ЗэригъэдзэкIыу пщащэ гущIэр.
Уэ, уафIэжьгъейми, къэбгъэщIащ
Зэрыдунейуэ зэджэ «Нартхэр»,
Гъэ минхэр, си бзэ, уэ бгъэщIащ
Иджыри мащIэкъым уи натIэр...
Си лъэпкъым щIэблэ къыщIэхъуам
Насып вагъуэбзу ужьэхэпсэу
Я нэхъ тхьэмыщкIэ ар щыхъуам,
УреIэ уэ, си адыгэбзэ!

* * *

Си гъащIэр сощIэр сэ зэрымыхъуар,
Скъуэмылъу зырикI, лIыку сызэрыхъуар,
Мурад нэхъыфIхэр зэрыхъуар псэкIуэд,
ЗэрызимыIэр цIыхум яIэ куэд.
Си гъащIэр сощIэр сэ зэрымыхъуар,
Имыгъуэу си гу къуэпсхэр зэрыгъуар,
Сэ ахэр усэ зыхуэсщIам къурмэн
ЗэримыIэнур зэикI зы пэрмэн.
Абыхэм гъащIэу яIэр сыпсэухущ,
Ахърэтым и бжэщхьэIум сынэсыхущ, -
СылIа нэужькIэ, нобэ сызыхэт
Гурей-гурыфIхэм хуеижынур хэт?..
Хуэныкъуэр хэт гупсысэу сэ сиIам,
Зэгуэрым къэзгуфIам е къэзгуIам,
Е гуауэ-гугъэфIэжурэ зэхэлъ
Мы гъащIэм деж зыхуэсщIыгъам гухэлъ?..
Си гъащIэр сощIэр сэ зэрымыхъуар,
АрщхьэкIэ нэхъри си щхьэр зыгъэтхъуар
Си бын къыхэзнэр мы зэман ерум
ЗэрыщыщIэнырщ язмыта къарум.

● Журналист Хьэмту Къадир и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу

ЩІэукІытэн иІэкъым

Илъэс тІощІырыпщІым щІигъуауэ щІыхум ущыдэлажьэкІэ, Іэджэ щІауэ зэгъусэу зы пэш ущыщІэскІэ, и гурыгъугурыщІэхэмкІэ къыщыбдэгъуащэкІэ, и ІэхэуцІафэр щыпльагъукІэ, апхуэдэ щІыхум и шыфэлІыфэр зыхуэдэр къыумыщІэнкІэ Іэмал иІэкъым. Псом хуэмыдэу и гумрэ и псэмрэ зэІухамэ, и псалъэми, и щытыкІэми фэрыщІагъ лъэпкъ хэмылъмэ.

КЪАДИР къикІуа гъэзугуанэм, и дуней тетыкІэм, и лэжьакІэм, щапхъэ зытепх хъуну дэплъагъу хьэл-щэнхэм утепсэлъыхьын щІэбдзэмэ, газет напэкІуэцІыр пхуримыкъункІэ зыхуэІуа щы-Іэкъым. Абы и гъащІэр матэщІэдзауэ къекІуэкІакъым. Къыщыхъуар унагъуэшхуэщ, зыхуей псори зыгъэзэту къэгъэгурыкІуэхэм ящыщкъым. Школым щыщІэс зэманхэм, и зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэхэм хъуэлейуэ уэрамым дэтыну куэдрэ къыхуихуакъым - мэл игъэхъащ. Школ нэужьым Налшык къакІуэри, рабочэу лэжьащ, дзэм дашьхэу. Армэ нэужьым станок щащІ заводым ури, рабочэ нэхъыбІхэм хабжэу Іутащ, Іэщ Іагъэ зыбжанэ игъэІэрыхуэфу. Абы зэрыщыплажьэм хуэдэурэ Къэбэрдей-Балъкъэр университетыр къиухащ. Илъэс куэдкІэ Къадир щІэсащ фэтэр хьэху, мазэм тумэнитху ириту. И сабийхэр щІыкІуу, щхьэгъусэр мылажьэу. Ар щІыжьитІэраци, гуГуеХь зыкъом къыззринэкІащ. Нобэ, Тхъэм и шыкуркІэ, зыхуей хуэзэу и гъащІэ Іыхьэр ирехьэкІ. Ауэ езыр гугъу зэрехьар ещІэжри, хуэмыщІауэ ди зэманым псэу и лъэпкъэгъуэхэм игу ящІогъу. ЗэрызэхэфІэкІкІи псапэ Іэху елэжь. Хуабжьу щІыху жумартщ, хадэ иІэщ илъэс зытІу ипэкІэ зэригъэпэщауи, абы кърих хадэхэкІ тІэкІумкІэ и ныбжьэгъухэм, и щІыхугъэхэм ядогуашэ.

Радиом щриГъэкІуэкІ нэтынхэм я гугъу пщІымэ, нэхъыбэу зытелажьэр Іуэхугъуитщ: лъэпкъым и блэкІам фІыуэ хэпъар, кьиттепсыха гуауэр утыку къихьэнырщ, етІуанэр дин Іуэхущ. Езыр хьэжьыщІ щыІащ, муслъымэным и пщэ къыдэхуэ Іуэхуэр къабзэу зэрехьэ. ПщІыупс дыхъуну къыщІэкІынкъым, адыгэ нэтынхэм ятеухуауэ радиом къэпсалъэхэм, къакІуэхэм, къатхэхэм я нэхъыбэр Къадир хуэгъэзащ жьитІэмэ.

Ди ныбжьегъэжьынут. Си ныбжьэгъур хуабжьу и бийщ фэрыщІагъым, пщІым, щытхъу егъэлеям. КъызэринэкІа илъэс 70-м ирипльэжмэ, абы иІэкъым щІэукІытэн, щІэгушхуэн мыхъумэ. Щыпсэу унэр, зы сом зыми къыІимыхьу, унагъуэм я пщІэнтІэпскІэ къалэжьа мыпъкукІэ хуэм-хуэмурэ ищІащ, щІыху хуэдэ щІыхуу бынищ зэщхьэгъусэхэм ягъэсащ, и Іэнатіэраци, мэлажьэ пщІэрэ щхьэрэ иІэу. Нобэ абы и гур хэзыгъаХьуэр, дэрэжэгъуэ къыхуэзыхьыр и бынхэм къащІэхъуэжа щІыкІуэраш: езыр жэмыжьыгущи, абыхэм ятеубгъуащ - щыхущІыхьэ зэманым и нэхъыбэр и къуэрыльхуэпхъурылъхуэхэм ятрегъэкІуадэ.

МЫЗ Ахьмэд,
КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист.

● Псапэ

Сабийхэр ягъэгуфІэ

Тыжьей къуажэ (Кыщпэк) тхьэлъэІу-фэеплъ щІыкІэу иджыблагъэ щрагъэкІуэкІа спорт зэхьэзэхуэхэр ирырагъэхьэлІат Урысбий Хьэмидбий и къуэ Астемыр псэужамэ, илъэс 22-рэ щрикъуну махуэм.

ДИ НЭГУ щІэкІар къэтІуэтэжмэ, мыращ Іуэхур зэрекІуэкІар.

ИпэкІэ зэи дыздэщымыІа жьлэм дынэсауэ абы и гъэзу нэхъыщхьэмкІэ дожэх, дызрихьэлІар нэкІэ щІэтпщытыкІыу. Гу лъыдотэ цІыхухэр гуп-гупурэ къыздэкІ-зыдыхьэж уэрамым. ДызэупщІахэм къыджаІэ дызылъыхъуэр къызэрыдгъэтар. А лъэныкъуэмкІэ дыплъэмэ, нэгъуаэзм къыхуэубыда Іэгъуэблагъэр плъыфэ зэмылІэужьыгъуэбгъуэ гъэщІэрэщІащ.

ДыздэкІуэм унэхэр «щызэкІэщІокІуэтри», щІыпІэ Іэхуитлъэхуитым дыкъохутэ. Гъуэгур лъагапІэми, и бгъур уэхщ. АдэкІэ, щІыуэпсым къызэригъэщІауэ, джабэ сэтей джафэщ. Къуажэ мэжджьытыр лъэныкъуэкІэ къыщхьэщытщ. УдзыпцІэ дахэр топ джэгупІэу хезыгъэгъэнэхуКІар щыуагъэнутэкъым. Нэм къыхуэпльыхь Іэшэлъашэр гугъэпсэхущ, спорт зэхьэзэхуэхэр щебгъэкІуэкІынкІи щІыхуэхр щызэхуэпшэсынкІи зихуэдэ щымыІэу гъэпсащ.

Футбол джэгупІэм уэрыдыкьэ кузбжэр уэрпхьпльыжу дахэщ. И щхьэр, шабзэкъуу къэгъэшащи, удз гъэгъаращ шар зэмыфэгъубэхэмкІэ зэраблам махуэр нэхъри щІэщыгъуэ пщещІ. Дэнэкіи цІыхур щыІувщ. Ныбжькіэ зэхуэмыдэ школакІуэ цІыкІухэм нэжэгужагъэу зэрахьэм, кьрахьэкІым уегъэшхуэ, узэщІеІэтэ.

Сатыр-сатыру яГъэуба тетІысхьэпІэхэм къуажэдэс нэхъыжьхэр тесщ, я Іыхьлыгъунэгъуэр абыхэм кьабгъэдэтщ. ДыхьэпІэм и бгъуитІымкІи щащхуа Іэнэхэр щхьэлъащІэ нэхъыщІэхэм зэрахьэ, Іэфыкіэ-жьэрымэ хуэдэхэр тралъхьэурэ ируздэ.

Кузбжэм нэхъ къыпэгъунэгъу сабий гупым дахьхьащ. Нэжэгужагъэр я нэгум къыщми, абыхэм я нэкэр тедымащ шашкэ джэгуКІэм хуэгъэпса Іэмэпсымэхэмкіэ уэзда Іэнэ кІыхьым. Языныкъуэхэр тІурытІ защІауэ щысщ, мыдрейхэр абыхэм къащхьэщытщ. НыбжьыщІэхэм къуэнэхуну зэпеуэм зыхуагъэхьэзыру аращи, пэщІэдзэ папщІэу зэддоджэгу.

ТІльагъу псори дгъэщІагъуэу къыздэтКІухьым, микрофоным «къыдегъащІэ» тхьэлъэІу-фэеплъым ирагщІэкІ зэхьэхьэм зэрыщІидзэр.

Тыжьей а махуэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм кърихьэлІащ КъБР-м Зауэм, лэжьыгъэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я советым и унафэщІ **Шыхъэбахъуэ Мухьэмэд**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд**, Бахьсэн щІынаІуэм и щІыпІэ администрацэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Къанэмэт Рустам**, Налшык къалэ судым и федеральнэ хьэкумыщІэ **Тхьэзэплъ Алексей**, кІуажэ администрацэм и Іэтащхьэ **Елбэрд Артур** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Япэу псалъэ иратащ **Урысбий Хьэчимэт**, тхьэлъэІу-фэеплъыр зытрауХуэжа, дунейм ехьжа Азэмэт и анэшхуэм.

- Къызэхуэсахэм фІыщІэ ин фхудощІ, къэтІэта Іуэхум зыкъызэрыревгъэхьэлІам папщІэ. Нобэрей зэхьхьэр псоми гукъинэж тщыхъуну, махуэр къыдэхъулІэну, щхьэж бгъэдэлъ и фІыгъуэр абы дэбэгъуэну сохъуахъуэ, - жиІащ Хьэчимэт.

Зэхьэзэхуэм и плъыфэхэр

СпортымкІэ зэпеуэхэр лІэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщыхат. Мини-футбол, баскетбол, волейбол, шашкэ джэгуКІэхэмрэ кІапсэ зэпекъу, Іэпщэрыбанэ зэпеуэкІэхэмкІэ зэхьэзэхуэхэр щІэщыгъуэу икІи гукъинэжу екІуэкІащ. Абыхэм хэтыну къыщыхуымыхуа сабийхэр зэшакъым. НэфІэгуфІагъэр зи нэгум кьищ ныбжьыщІэ цІыкІухэм ялъэкІ къамыгъанэу зытрагъэуащ зыщыщІаупскІа, зыщагъэджэрэза хъыринэхэмкІэ, зыдэпщен-къызэлъа лъагапІэхэмкІэ, нэгъуэщІхэмкІи.

ДгъэщІэгъуар араши, «зэпэщІэувэныгъэхэр» дапхуэдизу гуащІэу емыкІуэкІами, губгъуэ ІэрыщІми абы и Іэшэлъашэми хъущи шхыди щызэхэтхакъым, губжьи дыщрихьэлІакъым.

ФутболымкІэ ялэ увыпІэ къэзыхьахэм кубок нэхъ иныМрэ саугъэт нэхъыщІхьэмрэ иратащ. Адрей джэгуКІэхэмкІэ ялэ ищахэри Іыхьэншэ хъуакъым, Іэщ-лалъхьар тІэкІу нэхъ мащІми. ЛІэужьыгъуэ къэс бжьыпэ зыубыдахэм медалхэр иратащ. Зэпеуа псоми сом мин зырызрэ фэилъхьэгъуэхэмкІэ яхуэупсащ. Саугъэтхэр щІалэгъуалэм яІэщІзэшІыхьар фэеплъ тхьэлъэІур зытрауХуэжа Астемыр и адэ Хьэмидбийщ.

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

Гу къабзэ

Зи гугъу фхуэсщІынур шыІэ зыхэлъ адыгэлІщ. Хьэмту Къадиррэ сэрэ 2015 гъэм дызэрыцІыхуащ. Абы лъандэрэ дигухэм лъагъуэ зэхуагъуэтауэ дызэдогъуэгурыкІуэ. Ялэ Іуэхуу зэдэщІащэу ящыщт радиом сригъэблагъэу «Адыгэм и псэукІэмрэ и хабзэмрэ» тхылъым щыщ пычыгъуэхэм нэтыным сыкъызэрыщригъэджар.

КЪАДИР и гъащІэм щыщу сызыщыгъуазэ мащІэхэм я гугъу фхуэсщІыну сыхуейт. 1948 гъэм гъатхэпэ мазэм и 4-м Сэрмакъ адыгэ жылэжьым къыщалъхуащ. Курыт еджапІэ нэужьым дзэм къулыкъу щищІащ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэр кьиухащ. Лэжьыгъэ Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм пэрытурэ, и тхыгъэхэр «Адыгэ псалъэ» газетым иригъэхьу щІидзащ. Тхыгъэхэр зыІэрыхьэ къудамэм и унафэщІ Къамбий Зуфарщ щІалэр тхэным нэхъри тезыгъэгушхуар жыпІэкІэ уцІыуэнуткъым. Илъэс зыщыплІкІэ газетым дэлэжьауэ, Къадир итха зы очерк радиом иритащ. А лъэхъэнэм радиом и адыгэ къудамэр Іэщ Іэлъэт Къэрмокъуэ Мухьэмэди, игу ирихьащ, етІуанэри иригъэтхыу еплъа иужь, я деж щылэжьэну ириджащ. 1977 гъэм и дыгъэгъаззм щыщІэдзауэ радиом илъэситхукІэ Іуэху щищІащ, итІанэ и лэжьапІэр ихъуэжащ, щхьэусыгъуэ гуэркэм къыхэкІыу.

Ауэ радиом абы къигъэзэжащ 1987 гъэм. Абы лъандэрэ гурэ псэкІэ радиом хуолажьэ Къадир.

Нэгъабэ и бадзэуэгъуэ мазэм Хьэмтур Тыркум здэсшэри дыщыІащ, Іэдэмей Хьикмэт хьэщІагъэ ин къыдихыу. Лъэпкъ шхыныгъуэхэмкІэ къулейуэ къыхтхуащта Іэнэм къыщыдбгъэдэсыну Хьикмэт къредгъэгъэблагъат адыгэ лъэпкъым и тхыдэр тхылъищым иту, напэкІуэцІ 1750-рэ хъуэ, къытхудэзыгъэкІа Ялчын Кая. ЕплІанэ махуэм Анкара дыкІуэри, си къуэш Исмэхьил дишащ Тыркум щыІэ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэу щыта Агъашэ Мухьэдин деж. Дызыхуейхэм абы хъыбар яригъэщІауэ псори къыдэжьэрт.

Къадир махуипщІкІэ Тыркум щызэхуихьэсахэм нэтын 16-м дыщигъэдэІуэжащ.

Хьэмту Къадир хъыджкъбзитІрэ зы щІалэрэ, мыбыхэм къащІэхъуэ пхъурылъхуищрэ къуэрылъхуитІрэ иІэщ. И щІэблэ дахэм я нэщІабжьэ имылъагъуу, гукъыдж иІэу и лъэпкъым хуэлэжьэну сохъуэхъу.

АБАЗЭ Ибрэхьим.

Къадир Тыркум щохьэщІэ.

● Каратэ

Зэуэ медаль 60

Налшык дэт Университетскэ спорт комплексым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыяпэу щекІуэкІащ лІэужьыгъуэ псори щызэхэт каратэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щынальэм и чемпионатрэ зэхьэзэхуэрэ. Абы медалхэм щыщІэбэнащ щынальэм и жылагъуэ куэдым къикІа спортсмен 250-м нэблагъэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэгъэрейхэм медаль 60 щызыІэрагъэхьащ: дыщэу - 18, дыжьыну - 22-рэ, жэзу - 20. Гуп зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и каратистхэм япэ увыпІэр щаубыдащ. Абыхэм я кьакІэпэоЖуэ Ингушым къикІахэр. Къэрэшей-Шэрджэсым и гуп къыхэхар ещанэ хъуащ.

Зыхэта гупхэм щытекІуахэмрэ къыщыхжаныкІахэмрэ Іэмал ягъуэтащ мэлыжьыхьым и кІэуым Подмосковьем щекІуэкІыну къэралпсо зэхьэзэхуэм ди республикэм и командэ я Іыхьэхам хэту зыкъыщагъэлъэгъуну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Самбэ

Урысейпсо зэхьэзэхуэм

Самбэмкіэ дунейпсо чемпион Къуныжь Мухьэмэд и фэеплъ III урысейпсо зэхьэзэхуэ Черкесск къалэм щызэхэтащ. «А» класс зиІэ зэпеуэм хэтащ къэралым и щынальэ 15-м къикІа спортсмен 220-м щІигъу.

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмми 100-м щІигъуэхэм я зэпэщІэтыныгъэм хьыхьэу иригъэкІуэкІа зэІущІэхэм псоми щытекІуащ икІи Урысейм спортымкІэ и мастерым и мардэр иГъэзэщІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Борыкъуей Алим. Финал зэІущІэм абы щыкигъэщІащ Адыгейм щыщ Нэгъуей Ибрэхьим.

Урысейпсо зэхьэзэхуэм жэз медалхэр къыщахьащ Абей Хьэзрэтрэ (кг 52-рэ) Темрокъуэ Азэмэтрэ (кг 57-рэ).

КЪЭХЪУН Бэч.

● Тхэквондо



Джэримэс токІуэ

Сабийхэм тхэквондомкІэ я Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щынальэ зэхьэзэхуэ иджыблагъэ Псыхуабэ щекІуэкІащ. Абы щэч къызытумыкьэн текІуэныгъэ къыщыхьащ Сэралъп Джэримэс.

ЗИ НЫБЖЬЫР илъэситху фІэкІа иримыкъуа Джэримэс килограмм 26-м нэс зи хьэпльагъэм я деж щызэуащ. Абы и хьэрэуэрэгъу псори хиГъэщІащ икІи дыщэ медалрэ япэ нагъыщэ зиІэ дипломрэ зыІэригъэхьащ.

Спортым япэ лъэбакъуэхэр щызыч Сэралъп Джэримэс дохъуэхъу екъуІэныгъэфхэр дялэкІи иІэну икІи лъэпкъыр зэрыгушхуэн лІы нэс къыхэкІыну.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Гу зылъытапхъэ

Щоджэнцікіу Алий и цІэр зезыхьэ Къабэрдей къэрал драмэ театрым мэлыжьыхь маэзм фыщеплъ хъунущ

Мэлыжьыхьым и 12-м: Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «ИугъащІэ лъагъуныгъэм» и Іуэтэжым къытраращІыкІа лирикэ гушыІэм.

Мэлыжьыхьым и 19-м: Дюрренматт Фридрих и пьесэмкІэ игъэува «Визит дамы» трагикомедием.

Мэлыжьыхьым и 25-м: Аппаев Билал и «Унэидзыхь» пьесэм къытращІыкІа гушыІэ спектаклым.

Ахэр щыщІидзэнур сыхьэт 19.00-рщ.

УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ мы телефонхэмкІэ: **42-64-94**, **42-33-89**.

Дзэ прокуратурэм къет

Гарнизоным и 316-нэ дзэ прокуратурэм къыщызэрагъэпэщащ щІыхухэм хабзэм тетухуауэ щадзІэпэныкъу, дзэм ираджэным пыщІа Іуэхуэмкіэ упщІэ зиІэхэм жауапрэ чэнджэщрэ щагъэуэт Іуэхущ Іапі э.

Ди хэщІапІэр: КъБР, Налшык къалэ, Пятигорскэ уэрам, 11.

Дзэ прокуратурэм и офицерхэр графикым тету махуэ къэс, зыгъэпсэхугъуэхэри махуэхуэхэри хиубыдэу, щІыхухэм яхуозэ сыхьэти 9-м щыщІэдзауэ сыхьэт 18 хъуху.

Іуэхущ Іапі эм и лэжьыгъэм нэхъ пыухыкІауэ зыщыщвгъэгъуэзэнумэ, фыпсалъэ **77-05-73** телефонымкІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Мариноэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариноэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эдэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыдж Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; єгъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **Жьэкіэмыхъу Мариноэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Іинэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **корректорхэм я дзІэныкъуэгъу Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютеркіэ газетым и тепльэр ящІащ* **Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.046 ● Заказ №359